ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№126 (24.096) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ «ЩІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІа си чэзу Іуэхуэкэ щызэфІагъэкІ лъэхъэнэм уэзыншагъэр хьумэн ІэнатІэм и лэжьакІуэ щхьэхуэхэм я улахуэхэм яхущІыгъуным теухуауэ» 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м Іэ зыщІидза Указ №33-УГ-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «ЩІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІа си чэзу Іуэхуэкэ щызэфІагъэкІ лъэхъэнэм уэзыншагъэр хьумэн ІэнатІэм и лэжьакІуэ щхьэхуэхэм я улахуэхэм яхущІыгъуным теухуауэ» 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м Іэ зыщІидза Указ №33-УГ-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іухукіэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икІи 2020 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм ятхоуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№135-УГ

● Хъыбар гуапэ

Сабий 60 щІэхуэну

Школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм зэрадзлажьэ щыкІэхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ ди республикэм щрагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм якъэпІ иткІэ, Бахъсэн щыналъэм хыхьэ Ислъэмей жылэм дэт курыт школ №1-м и нэІэм щІэту къыщыізэІуахащ цІыкІу 60 зыщІэхуэну сабий гъэсапІэщІэ. Абы иращІэкІа гуфІэгъэуэ дауэдапщэм хэтащ щыналъэм и унафэщІхэр, абы щылажьэ еджапІэхэмрэ гъэсапІэхэмрэ я лыкІуэхэр.

ЗИ НЫБЖЬЫР мази 2-м къыщыщІадзауэ илъэси 3-м нэс хуэ сабийхэм папщІэ яуха гъэсапІэм щыгуфыкІар ар зыхуащІа цІыкІухэм я закъуэкъым. Жылэм къыдэхъуэ щІэблэщІэм тыншыпІэ яхуэхъуну а Іуэхущі апІэр мыхьэнэшхуэ зиІэ социальнэ уху ныгъэщ, сыту жыпІэмэ Ислъэмейм дэс цІыкІухэм я бжыгъэм иужьрей лъэхъэнэм хэхъуащ. Иджыпсту къуажэм щопсэу цІыку 12001-рэ.

ГъэсапІэр зэпэщІ унэльащІэ екІуэжмкІи, жеипІэ тыншэжмкІи, джэгупІэ гъэщІэгъуэнэжмкІи, зытхъэщІыпІэ хуитэжмкІи. Сабийжэ махуэм щэ ягъэшхэнущ, щэджагъуэм ягъэжеинущ, егъэджэнныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр гупжьейуэм щыдграсыгъэкІынущ. ЖылпІэнурамэ, сабий садым щыІэ Іэмалхэр мардэ псоми хуокІуэ. Къыхэдгъэщынщи, Ислъэмей жылэм илъэсым и пэщІадзэм къыщыізэІуахауэ щытащ сабий 40 зэкІуалІэ гъэсапІэ. Ар курыт школ №4-м и нэІэм щІэтщ.

Къызэхуэсахэм а гуфІэгъэшхуэмкІэ гуапэу ехъэхъуащ Бахъсэн щыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Къэзан Заур. Жылэдэсхэм садыр гугъурлы яхуэхъуну ехъэхъуэ нэужь, абы фІыщІэ яхуищІащ уху ныгъэр зэрызыхуэтыншэу зэфІэзыха лэжьакІуэхэм.

ГуфІэгъуэр я уэрэдхэмрэ усэ цІыкІуэхэмкІэ ягъэдэхащ жылэм дэт адрей сабий садхэм я гъэсэн сабийжэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● КъБР-м и Парламентым

Щыуэпсыр зэрахъумэм теухуауэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ зи чэзу зэІущІэр. Абы къыщІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм яшыщ «Экологиям» ІэпэкІ проектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщагъэзащІэр.

КъБР-м щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Шаваев Ильяс** жиІащ «Экология» лъэпкъ проектым хьихьэу республикэм «Къэрал къабзэ», «Мэзхэр хъумэн» Іуэхуэм зэрыщепэжьыр.

«Къэрал къабзэ» федеральнэ Іуэхум къыщыгъэлъэгъуауэр гъэзэщІэным хуэхащ сом мелуан 86,75-рэ. Абы щыщу сом мелуани 6,07-р щыналъэм и мылъкущ. Ахъшэр хуэхащ хабзэм къемызэгъыу ирагкІуа кІэрыхуфІыкІэрыхуэр зэран зыхуэхъуа щы Іыхьэ-хэр ягъэпшэрыныжрэ ягъэбэтэжьныжрэ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ Май, Тэрч щыналъэхэмрэ Бахъсэн кІалэ округымрэ зэхэту я щы гектар 20-м щІигъум.

Министрыр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «Мэзхэр хъумэн» федеральнэ Іуэхум хьихьэу иужьрей илъэситІым зэфІагъэкІам. Абы зэрыжиІамкІэ, щы гектар 97-рэ кьыізэщІиубыдэу мэзым жыгыщІэхэр щыхасащ, щы гектар 1285-м жыгхэр зыхуей щыхуагъэзащ. 2019 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэ псоми сом мелуан 72-рэ текІуэдащ, мэзхэм зрагъэубгъуным сом мелуани 6,99-рэ хухахащ, мэзым пыщІа Іуэхущ Іапі эхэр зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэмрэ мафІэсгъэункІыфІ техникэхэм-кІэ кьыізэрагъэпэщыным - сом мелуан 65,01-рэ.

МафІэсгъэункІыфІ техникэу 30, Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэу 55-рэ (сом мелуан 64,3-рэ текІуэдащ), мэз хозяйствэм кьыщагъэсэбэп оборудованэу 6 (сом мин 692,8-рэ и уасэу) ящащэхуащ.

Шаваевым кьыхиГъэщащ республикэм апхуэдэ мафІэсгъэункІыфІ техникэ бжыгъэ илъэс куэд хъуауэ республикэм кьыізэрымыкІуар.

2020 гъэмэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ «Мэзхэр хъумэн» Іуэхум ипкъ иткІэ. Мы илъэсым ахуэр зэфІагъэкІащ сом мелуан 43,58-кІэ. Мэзхэм зегъэужьыным сом мелуани 8-м щІигъу хухахащ, техникэ щхьэхуэзкэ къэщхьэхуным - сом мелуан 34,74-рэ. Техникэ хьэльэу (бульдозеррэ жыжьэ кІуэцІ-рыкІыф машинэу) 11 щащэхуащ, Іэмэпсымэу 90-м хуэдиз.

Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, «Къэрал къабзэ» федеральнэ проектыр ягъэзащІэн папщІэ, Іуэхущ Іапі эм Урысейм ЩІыуэпсыр хъумэнымкІэ и министерствэм зыхуигъэзащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу щыналъэм субсидие кьритын папщІэ.

Апхуэдэу 2021 - 2023 гъэхэм я мурадщ Былым хуэжьэм щы гектари 3,6-рэ щащэпшэрыну, Тырныауэ кІалэм кІэрыхубжьэрыхуэхмкІэ щауцІэпІа щы гектари 3,2-рэ ягъэкъабзэу зрагъэужьыжьыну.

- МэзгъэфІэну 4-рэ щІыуэпсым щыгъэтыгъуей щы-пІи 6-рэ кадастр учётым дгъэуващ. ФІыщІэ яхудощІ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, абы и лъэныкъуэкІэ кьызэрыддэІэпІыкъуам папщІэ. Дыщогугъ 2021 гъэм и кІэ пщІондэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэр псори дэфтэрэхэм кьыщыдгъэлъэгъуэну, - кьыхихгъэщащ Шаваевым.

Депутатхэр щІэупщІащ хабзэм кьемызэгъыу мэзхэм жыгхэр зэрыщрагъупщІыкІым ахэр зэрыпэщІэтым, КъБР-м и мылыльэхэр зэрыткІым теухуауэ щІэнысгъэлІэхэм ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм, кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэрагъэсеижьмрэ зэрызэхадзымрэ, нэгъуэщІхэми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Ди махуэгъэпс

КъызэрекІуэкІар гъэщІэгъуэнщ

СССР-м «Автомобилистым и махуэ» зыфІащa Іуэхугъуэр 1980 гъэм, жэпуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм ирырагъэхьэлІэу, щагъэувауэ щытащ. 1996 гъэм ар зэрахъуэкІащ Автомобиль транспортымрэ гъэгу хозяйствэмрэ я лэжьакІуэхэм я махуэу. Ильэс бжыгъэ дэкІауэ, автомобилистхэмрэ гъэгугухуэхэмрэ я Іуэхущіафэкіэ зэрызэщхьэщыкІыр къалъытэри, 2000 гъэм гъатхэпэм и 23-м, УФ-м и Президентым къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, Гъэгу хозяйствэм и лэжьакІуэхэм я махуэр жэпуэгъуэм и ещанэ, автомобилым дихьэххэм ейр - еплІанэ тхьэмахуэ махуэхэм трагъэхуащ.

УФ-м и гъэгу хозяйствэм сыт ищІыскІи зегъэужьыным хуэгъэзауэ, 2018 гъэм къащта «ФІагъ льагэ зиІэ автомобиль гъэгу шынагъэщхьэхэр» лъэпкъ проектым хьихьэу, ди къэралым и щІыналъэхэм ящыщу 83-м лэжьыгъэ инхэр щокІуэкІ. УФ-р зэрыщІыту къэтэтэнщи, зы махуэм ику иту хуэзэу, гъэзэгущІэу километр 5-м нэблагъэ къыщыізэІуах, километр 75-рэ щызэрагъэпэщыж, Іэнатіэм епха Іуэхущ Іапі эхэр, псори зэхэту, мини 3-м щІегъу, абыхэм цІыху мин 750-м щІигъур щолажьэ. Къэдгъэлъагъэуэмэ, ахэр автомобиль зекІуапІэщІэхэр зыщІ, жьы хъуахэр зэзыгъэпэщыж ухуакІуэхэрщ, инженерхэрщ, гъэгуэхэм я проектхэр зэхэзыгъэувэхэрщ, ирахьэлІапІхьэхэр къыщІэзыгъэкІэрщ.

Ди республикэм Транспортымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм мы зэманым и нэІэ тригъэтщ пассажир автопредприятэу 19-м, автовокзалрэ автостанцу 7-м, гъущІ гъэгу станцрэ вокзалу 6-м, кхъухьлъатапІэм, троллейбусхэр зи Іэмыщ Іэ иупу ираленэм. Абыхэм, псори зэхэту, цІыху мини 3-м щІигъу щолажьэ.

Зэрагъэунэхуам тету, 2020 гъэм и кІэм ирихьэлІэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэзэгуэм ящыщу, псори зэхэту, километр 101-р кьыізыхуэтыншэу зыкуей щыхуагъэзащ. Ар 2019 гъэм яхуэзэфІэкІам елъытауэ процент 32-кІэ нэхъыбэщ. «ФІагъ льагэ зиІэ автомобиль гъэгу шынагъэщхьэхэр» лъэпкъ проектыр ди республикэм щыпхьэгъэкІыным бюджетым щыщу хухахар сом мелардым щІегъу.

2020 гъэм къриубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ и гъэгуэхэм ящыщу километр 35-м уэздыгъэхэр и нэхэм щыпадзэнущ. Ар нэгъабэрэм ельытауэ процент 40-кІэ нэхъыбэщ. Зи гугъу тщІы лэжьыгъэр мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ щокІуэкІ Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Малкъ, Прималкинскэ, Пашнькьей, Урыху, Кьыщтэк къуажэхэмрэ Александровскэ станицэмрэ я уэрамхэм. Ауэ щыхьэкІи, 2015 - 2020 гъэхэм ятещІыкьа «Доступная среда» къэрал программэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ.

БЭРАУ Бышэ.

КъБР-м Коронавирусым кІэлъыплъынымкІэ и оперативнэ штабым къет

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м ирихьэлІэу

Узыр апкърытрэ апкърымытрэ кьахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 219618-рэ
Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 8990-рэ
Иужьрей жэщ-махуэм кьриубыдэу кьахутахэр - 84-рэ
Сымаджэщхэм щІэлъхэр - 1486-рэ
Реанимацэм щІэлъхэр - 80
Хъужахэр - 6985-рэ
Вирусым и эзракІэ дунейм ехыжахэр - 119-рэ

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 20, *гъубж*

♦Статистикэм и дунейпсо махуэщ
♦Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ
♦ПщафІэхэм я дунейпсо махуэщ
♦ЩІыхуэ тхьшэ зыщІ узыфэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ
♦УФ-м и Дзэ связистым и махуэщ
♦Сербием щагъэлъапІэ Белград къалэр хуит кьыщащІыжа махуэр. 1944 гъэм советыдзэхэмрэ Югославиеи и партизанхэмрэ Белград къалэр нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.
♦1714 гъэм Пётр Езанэм кьыдигъэкІащ мывэм кьызэщІыкІа унэхэр Урысейм щемыгъэуэхуэным теухуа унафэ. Мывэ унэхэр щащыну пащтыхьым хуит ищІыр, уеблэмэ ар кьалэну щигъэувар Санкт-Петербург кьалэм и закъуэт. Урысейм и щІыпІэ куэдым щыщу мывэщІэхэр, лэжьагъэ къапщІэркъым Тезадз. Ар ящыщщ театрым зэрыщІэсыр пщыізигъэгъупщэ актёрхэм. Мы спектаклми арат - кьуажэм, хьэблэм, пщІантІэм, унэм щыпсэу бзыльхъугъэ фІэрафІщ, Іущщ, бзаджэщ, гуапэщ - дауэ мыхьыми, жиІэмрэ зэрызищыжмэ уи фІэщ ищІыфу утыку итщ.

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ щызэдгъэпщакІэ, кьыізэгъэщынт КІэм Іэсиит. Пэжщ, дапэкІщ актрисэ пщащэм и пскьыхэжгъуэр, ауэ образым зэрихьэфым, и лІыхъужьым ещхьу уи пащхьэ кьызэриувэм я фІыгъэкІэ куэдкІэ узыщІэгъэгъэ. Нэхъапэу игъэзэщІа ролхэмкІэ, и актёр Іэзагъкіэ куэд щІауэ тщІыху Мамыжь Азрэти сыт щыгъуи хуэдэу дахэу щыджэгъащ «Щукшин и хьыбархэм». Апхуэдэу ди гуапэу дахэлъыплъащ Ажий Щамил, Дышэкі Руслан, Шорэ Марьянэ, Кьаргьей Заремэ, Мэчэр Индирэ сыми.

Налшык иужькІэ щэрджэс театрым и гъэлъэгъуэныгъэхэм щыпищащ Аруан, Лэскан районхэм. Театрым хуэзэща цІыкІухэр Щэнхабзэмкіэ унэм екІуэпІащ, иджыдрей щытыкІэм кьиГъэув жьыпхэкІэ ягъэзащІэу, ягу зэрырихьар кьралъхьащ социальнэ сетхэм.

Пандемие лъэхъэнэ дезыгъэзэщам щІэщыгъуэгъу кьытхьихьа Шэрджэс театрыр махуэ хуабэм уэзыхуэпІэ псы Іубыгъуэу кьыітщІэхъащ. Тхьэм зариГъэуэзэщІ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *т рихащ.*

Нартан зэхуешэс

● Зэпеуэхэр

Урысей Федерацэм шы спортымкІэ и зи чэзу чемпионат жэпуэгъуэм и 18-м ди республикэм щекІуэкІащ.

УФ-м Шы спортымкІэ и федерацэм и нэІэ щІэту къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэр, Нартан къуажэм и Іэгъуэблагъэм щызэхашар, Іыхьитіу гуэшати, зым урысейпсо, адрейм къэрал зэхуаку мыхьэнэ яІэт.

Зэпеуэм хэта шыхэм я бжыгъэр, псори зэхэту, 80-м нэблагъэрт. Ахэр зы махуэм кьриубыдэу кьыщагъэжащ (зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу) километр 40, 80, 100, 120-рэ, 160-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэхэм.

КьызэгъэпэщакІуэхэр щыхьэт зэрытехуащІ, иджырей зэхьэзэхуэм кьрашэлІа щыхэмрэ ахэр кьэзыгъэжа щуейкэмрэ я бжыгъэр куэдкІэ нэхъыбэт зи гугъу тщІы спорт лІэужьыгъуэмкІэ ди къэралым щрагъэкІуэкІа адрей зэпеуэ псоми хэтахэм нэхърэ.

Зэхьэзэхуэм кьрикІуамрэ кьрихьэлІахэм дазэрепсэлъамрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Шэрджэс театрыр къызэрытщыхъуар

Тхьэмахуэ кІуам ди республикэм щыхьэщІащ Акъ Мухьэрбэч и цІэр зезыхьэ Шэрджэс драмэ театрыр. Налшык къалэм дэт, Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, Нарткъалэ, Анзорей дэт Щэнхабзэмкіэ унэхэм щагъэлъэгъуащ «Шукшин и хьыбархэр» спектаклыр.

● Гъэзджэ

РЕЖИССЁР Агъашэ Елдар спектаклыр игъэуващ, Шукшин Василий и «Стёпкина любовь», «Мой зять украл машину дров», «Стёпка», «Артист Федор Грай» Іуэтэжхэр и лъабжьэу.

Шэрджэс театрым и унафэщІ Акъ Динэ кьызэрыджиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щІэла гастролхэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр кьызэрыцнэхэр илъэси 100 зэрырикъуэ ипкъ иткІэ, КъШР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм игъэхьэзыра проектым кьрикІуауэ аращ.

«Адыгэ Республикэм и Къэбэрдей-Балъкъэрым щыдогъэлъагъуэ тхьакІуэ Шукшин Василий и Іуэтэжхэмкіэ дгъэува спектаклыр. Ар адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІар журналист, усакІуэ Бемырзэ Зурабщ. КъыхэгъащІыхъощ Шукшин адыгэбзэкІэ иджы япэу утыку кьихьэу зэрыраР», - жиІащ Акъ Динэ.

Спектаклым хуабжьу «зэмыфэгъу» дахэу зэхэгъэува хъуат, хьыбарипліым я купщІэр кьызэкъузыкІарэ гушыІэ дахэкІэ гъэнщІа-ехьэлІа кьызэрыгуэкІ Іуэхугъуэхэрэ щытми, дэтхэнэми и псэ, зэчий, кьару хилъхьэри, гъащІэм щыщ дыдэ фІэкІа умыщІэу ди пащхьэ кьиуваща актёрхэр. Іуэтэжьым хэт лІыхъужьхэр дахэу зэрыджэгум гур хигъахьэурт, гушыІэмрэ джэгуІэмрэ псэр дэпсэжурт.

Гъэщ Іэгъуэн пщымыхьуу кьаныгъкъым зы сыхьэтым и кІуэцІкІэ актёрхэр образ зыбжанэм зэрихьэр, зы теплъэгъуэм кьыпыту адрей теплъэгъуэр екІуу зэрагъэзащІэр. Ар апхуэдэу тыншкъым зи щІалэгъуэхэм я дежкІи, нэхъыжьыІуэхэмкІи. Спектаклым хэтахэм ящыщ дэтхэнэми цІыхьэуэу укьытеиныІэну хуэфащэщ, ауэ сэ сэхьэзгъэщІынут Шэрджэс театрым и артист гуакІуэ, зи ныбжьыр илъэс 70-м щхьэдэха Тут Тезадэ. Абы и ролхэр «утыку образкъым», атІэ «гъащІэ образщ». АпхуэдизкІэ дахэу мэджэгури, джэгуэшх кьапщІэркъым Тезадэ. Ар ящыщщ театрым зэрыщІэсыр пщыізигъэгъупщэ актёрхэм. Мы спектаклми арат - кьуажэм, хьэблэм, пщІантІэм, унэм щыпсэу бзыльхъугъэ фІэрафІщ, Іущщ, бзаджэщ, гуапэщ - дауэ мыхьыми, жиІэмрэ зэрызищыжмэ уи фІэщ ищІыфу утыку итщ.

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ щызэдгъэпщакІэ, кьызэгъэщынт КІэм Іэсиит. Пэжщ, дапэкІщ актрисэ пщащэм и пскьыхэжгъуэр, ауэ образым зэрихьэфым, и лІыхъужьым ещхьу уи пащхьэ кьызэриувэм я фІыгъэкІэ куэдкІэ узыщІэгъэгъэ. Нэхъапэу игъэзэщІа ролхэмкІэ, и актёр Іэзагъкіэ куэд щІауэ тщІыху Мамыжь Азрэти сыт щыгъуи хуэдэу дахэу щыджэгъащ «Шукшин и хьыбархэм». Апхуэдэу ди гуапэу дахэлъыплъащ Ажий Щамил, Дышэкі Руслан, Шорэ Марьянэ, Кьаргьей Заремэ, Мэчэр Индирэ сыми.

Налшык иужькІэ щэрджэс театрым и гъэлъэгъуэныгъэхэм щыпищащ Аруан, Лэскан районхэм. Театрым хуэзэща цІыкІухэр Щэнхабзэмкіэ унэм екІуэпІащ, иджырей щытыкІэм кьиГъэув жьыпхэкІэ ягъэзащІэу, ягу зэрырихьар кьралъхьащ социальнэ сетхэм.

Пандемие лъэхъэнэ дезыгъэзэщам щІэщыгъуэгъу кьытхьихьа Шэрджэс театрыр махуэ хуабэм уэзыхуэпІэ псы Іубыгъуэу кьытщІэхъащ. Тхьэм зариГъэуэзэщІ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *т рихащ.*

вет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыІуэхэм я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт** къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Шурдым Гъэзалий** къызэралъхуэрэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и гъэзджакІуэ **Мэхъуэш Руслан** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекІужь Заретэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр текъэ-текІыу щыщытынущ, ПІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьнущ. Уэлбэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 8 - 9 щыхьынущ.

Жэпуэгъуэм и 21, *бэрэжьей*

♦Инджылызым щагъэлъапІэ мыІэрысэм и махуэр
♦1520 гъэм Португалием щыщ зыпІыхьакІуэ Магеллан Фернан хы Щэхумрэ Атлантикэ хымрэ я псыдэжьпІэр къихутащ. Иужькіэ абы езым и цІэр фІащыжащ.
♦1899 гъэм Владивосток къыщызІэуахащ Къуэкіыпіэ институтыр, иджыпсту Къуэкіыпіэ жьжьэ фэдеральнэ университетыщ.
♦1935 гъэм Германиер Лъэпкъэм я Лигэм кьыхэкІыжащ.
♦1945 гъэм Франджым щыхьэхэми хэхьныгъэхэм Іэ щаІэтыну япэу хуит щащІащ.
♦1958 гъэм Инджылызым и Парламентым и лордхэм я палатэм япэу щІыхьэ хахащ.
♦1994 гъэм Къэрал Думэм УФ-м и Граждан кодексыр къыщІащ.
♦1994 гъэм Урысей телевиденэм и академием илъэс къэс ятіну «ТЭФИ» саугъэтыр игъэуващ.
♦1997 гъэм Солженицын Александр и цІэр зезыхьэ Литературэ саугъэтыр ягъэуващ.
♦1997 гъэм Къэзахъстаным и президенту а зэманым щыта Назарбаев НурсултІан Іэ щІидзащ къэралым и щыхьэру Акмола къалэр зыкъэрыхахам теухуа унафэм. Иужькіэ абы и цІэр Астана жиІэу зэрахъуэкІащ.
♦2010 гъэм Собянин Сергей Москва къалэм и Іэтащхьэу ягъэуващ.
♦Адыгэ пшынэу Іэзэ, кьызэхэІа пІэрэпхьым и макъэмэ щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр гъэбэгъуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Хьэгъэудыж Мухьэмэд къызэралъхуэрэ илъэси 139-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Лъэнкіэпашэ Мусэ и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Швециием щыщ химик, инженер, динамитыр къэзыгупсыса, езым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыгъэгъэ Нобель Альфред къызэралъхуэрэ илъэси 187-рэ ирокъу.
♦Кинорежиссёр, актёр, продюсер, РСФСР-м и цІыхубэ артист, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщІэ псори зрата **Михалков Никитэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Физик цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Налшык дэт курыт школ №3-р дыщэ медалкІэ къэзыуха **Гейм Андрей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦УФ-м щыІэ зиІэ и дохутыр **КІуэкІуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр текъэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 3 - 5 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи Іуэху мыхъунум фэндибгъу кІэрыщІащ.

● Япэ итахэр

Псэ къулей зиІа ТекІуий Анатолэ

Адыгэхэр дызэрыгушхуэ цІыху щэджащэхэм ящышщ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор цІэрыІуэ ТекІуий Анатолэ Кушбий и къуэр. Къэралми лъэпкъми яхуэщъхьэпэ Іэуху куэд зэфІэзыха, зи Іэдакъэщ1эк1эмк1э ди щ1ыналъэм, Урысейм я мызакъуэу хамэ щІыпІэ куэдми къыщацІыхуа къэхутакІуэ Іэзэр, хэкупсэ нэсу зи гъащІэр езыхьэкІа еджагъэшхуэр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу. ТекІуий Анатолэ бгъэдалъа зэфІэкІымрэ иригъэкІуэкІа щІэныгъэ-хэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэмрэ лІэщІыгъуэхэм доин, добагъуэ.

ТЕКІУИЙ Анатолэ Аруан щІыналъэм хьыхэ Псыгуэнсу къуажэм 1930 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къыщалъхуащ. Зи сабиигъэмрэ балигъ хъугъуэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ абы къыкІэлъыкІуа лъэхъэнэ хьэльэмрэ хиубыда ныбжьыщІэм пасэу зыхищІащ гъащІэм и гугъуехьхэр. Анатолэ жилэжу зэрыщытамкІэ, а зэман гущІэгъуншэм и нэгу щІэкІа насыпыншагъэхэм ар къезэгъылар тхыль еджэныр фІыуэ илъагъуу зэрыщытаращ. Бийр Псыгуэнсу 1943 гъэм и пэщІэдзэм дахужа нэужь, си адэр зэуапІэм Іут щІалэр цІыкІР, адрей и ныбжьэгъуэхэми хуэдау, и анэм и гъусэу губгъуэм дэкІыт, махуэм къилэжь Іыхьэ: ныкъуэм хуэкІуэу хьэлІамэ ныкъуэ кърату.

Хэку зауэшхуэм ди ТекІуэныгъэ иныжкІэ иухыу, мамыр гъащІэр республикэми къэралми щызэтеувэжа нэужь, Налшык къыщызэІуахауэ щытащ лъэпкъ Іэщіагъэлэхэр гъэхьэзырынкІэ щІэнэхъуэн хъуну зыщыгугъ школ-интернатыр. Къуажэм дэт школым пэщІэдзэ щІэныгъэ щызэзыгъэгъуэта ныбжьыщІэр а интернатым и 9-нэ классым щІэтІысхьащ икІи нэхъыфІ дыдэхэм халъытэу еджэныр ирихьэкІащ, ар дыщэ медалькІи къыхуащ. Адэкіэ Анатолэ 1948 гъэм щІэтІысхащ Ломоносовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым тхыдэмкІэ и факультетым. Зэрихабзэу, адыгэ щІалэм студент илъэсхэри купщІафІэу ирихьэкІащ. А илъэсхэм ирихьэлІащ ТекІуийм и япэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Ахэр я лъабжьэ хъуащ еджагъэшхуэм нэхъ иужьыІуэкІэ зызрипщыта щІэныгъэ-къэхутэныгъэ инхэм. Диплом плъыжькІэ МКЪУ-р къэзыуха Анатолэ, и егъэджакІуэхэм я гъэсэныгъэм щыхигъэхуащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и аспирантурэм. Абы щІэтІысхьэну хуей цІыху 44-м ящыщу къащта цІыхуи 8-м яхэхуат ар, и насып къикІри.

Аспирантурэр ехъулІэныгъэкІэ къэзыуха ТекІуийм щалъхуа щІыналъэм къиГъэзэжащ икІи КъБКЪУ-м и тхыдэ факультетым ирагъэблэгъащ. ТхыдэмкІэ кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжьу лэжьэн щІэзыдза Анатолэ зыкъигъэльэгъуащ гупсысэ щэщІа зиІэ щІэныгъэлІу. Илъэс 50-м нэблагъэкІэ Анатолэ студентхэм я пащхьэ лекцэ купщІафІэхэм къыщеджащ икІи зэи къэхуакъым абы иригъаджэхэм щІэ гуэр, щІэщыгъуэ ящыхьэн гуэр яжримылауэ. ТекІуийр зыщІыхуу щытахэм: езым къыдеджахэми, къыдэлэжьахэми, иригъаджа студентхэми - псоми ар ягу къинэжащ щІэныгъэ куурэ зэфІэкІ льагъэр, цІыхугъэ инрэ зэхэщІыкІышхуэрэ зыхэлъа цІыху щыпкъэу.

Университетым зэрыщригъаджэм нэмыщІ, ТекІуийм и щІэныгъэр ялъэІесырт ди щІыналъэм щылажьэ кушрт школхэм тхыдэр щезыгъэджэ ІэщіагъэлІхэм. Ар лекцэ къыщеджэрт егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым, школ лэжьакІуэхэр зыгъэпІейтей упщІэхэм жэуап купщІафІэхэр яриту, тхыдэм хэлъ Іуэху щхьэхуэхэм нэхъ куууэ якутепсэлъыхьу. ТекІуийр апхуэдэу лекцэ къахуеджэну ирагъэблагъэрт парт, къэрал къупльакъущІэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ курсхэм щІыхэм, марксизм-ленинизмэм и университетым и пщыхьэщхьэрыеджэ ІэщіагъэлІхэм я дежи. Бгъэдэлъ зэфІэкІ льагъэкІэ я фІыгъэкІэ зи цІэр жьыжьэ Іуа еджагъэшхуэр мызэ-мытІуэ ирагъэблагъащ Ташкент, Тифлис, Тэн Іус Ростов къалэхэм дэт къэрал университетхэм, абыхэм щІэс студентхэм лекцэ къахуеджэну. Къэхъуащ ар езым къиуха Моска къэрал университетым ираджэу абыи пІалъэ кІэщІкІэ щыщылажьаи. Сыт хуэдэ щІыпІэ, еджапІэ мыкІуами, Анатолэ, зэрихабзэу, иригъаджэхэм я пащхьэ иувэрт, къыпещылъ псалъэмакъым нэсу хузэкъэзыру. Зи Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ а цІыхум фІыуэ зыхимышыкІ Іузэгуэу зэхэмытми ярейт дунейпсо тхыдэм.

ТекІуийм иригъэджахэу КъуэщІысокъуэ Александр, Шэрджэс Анатолэ, Коновалов Андрей, Борэ Аслъан сымэ, нэгъуэщІхэми зэрыжаІэжымкІэ, абы тхыдэмкІэ и лекцэхэм къызэщІауфы щІэныгъэ-къэхутэныгъэ инхэм. Диплом плъыжькІэ МКЪУ-р къэзыуха Анатолэ, и егъэджакІуэхэм я гъэсэныгъэ, бгъэдэлъ щІэныгъэм щыхигъэхуащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и аспирантурэм. Абы щІэтІысхьэну хуей цІыху 44-м ящыщу къащта цІыхуи 8-м яхэхуат ар, и насып къикІри.

Аспирантурэр ехъулІэныгъэкІэ къэзыуха ТекІуийм щалъхуа щІыналъэм къиГъэзэжащ икІи КъБКЪУ-м и тхыдэ факультетым ирагъэблэгъащ. ТхыдэмкІэ кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжьу лэжьэн щІэзыдза Анатолэ зыкъигъэльэгъуащ гупсысэ щэщІа зиІэ щІэныгъэлІу. Илъэс 50-м нэблагъэкІэ Анатолэ студентхэм я пащхьэ лекцэ купщІафІэхэм къыщеджащ икІи зэи къэхуакъым абы иригъаджэхэм щІэ гуэр, щІэщыгъуэ ящыхьэн гуэр яжримылауэ. ТекІуийр зыщІыхуу щытахэм: ЕсымыІэ щІэныгъэлІ, ныкъуэ щІэсхэми, марксизм-ленинизмэм и университетым и пщыхьэщхьэрыеджэ Іэщіагъэлхэм я дежи. Бгъэдэлъ зэфІэкІ льагъэкІэ я фІыгъэкІэ зи цІэр жьыжьэ Іуа еджагъэшхуэр мызэ-мытІуэ ирагъэблагъэ Ташкент, Тифлис, Тэн Іус Ростов къалэхэм дэт къэрал университетхэм, абыхэм щІэс студентхэм лекцэ къахуеджэну. Къэхъуащ ар езым къиуха Моска къэрал университетым ираджэу абыи пІалъэ кІэщІкІэ щыщылажьаи. Сыт хуэдэ щІыпІэ, еджапІэ мыкІуами, Анатолэ, зэрихабзэу, иригъаджэхэм я пащхьэ иувэрт, къыпещылъ псалъэмакъым нэсу хузэкъэзыру. Зи Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ а цІыхум фІыуэ зыхимышыкІ Іузэгуэу зэхэмытми ярейт дунейпсо тхыдэм.

ТекІуийм иригъэджахэу КъуэщІысокъуэ Александр, Шэрджэс Анатолэ, Коновалов Андрей, Борэ Аслъан сымэ, нэгъуэщІхэми зэрыжаІэжымкІэ, абы тхыдэмкІэ и лекцэхэм къызэщІауфы щІэныгъэ-къэхутэныгъэ инхэм. Диплом плъыжькІэ МКЪУ-р къэзыуха Анатолэ, и егъэджакІуэхэм я гъэсэныгъэ, бгъэдэлъ щІэныгъэм щыхигъэхуащ а еджапІэ нэхъыщхьэм и аспирантурэм. Абы щІэтІысхьэну хуей цІыху 44-м ящыщу къащта цІыхуи 8-м яхэхуат ар, и насып къикІри.

Псэ къулей зиІа цІыхут ТекІуий Анатолэ. Сыт хуэдэ зэманми абы и щІыбагъ къыдэтащ и унагъуэ дахэр: и щхьэгъусэ журналист цІэрыІуэ АфІэунэ Раерэ (и ахърэтыр нэхъ Тхьэм ищІ) и бынхэу Мадинэрэ Маринэрэ, и благъэфІхэр, пъхурылъу ІофІхэр. Бынми абыхэм къащІэхъуэхэми ноби щыгъупщэркъым я нэхъыжьыфІхэр, щапхъэрэ гъуаззу гъащІэм щаІа Анатолэрэ Раерэ. Апхуэдэ цІыху щыпкъэхэр, зи гъащІэри лэжьыгъэхэри къэралми лъэпкъми яхуэщъхьэпэу псэу хэкупсэхэр, гъуэгуэльэгъуэу зиІэ щІэблэмэ я насыпщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ТекІуийхэ я унагъуэр. *1968 гъэ*

Щхьэлахъуэхэ я унагъуэр

75

Хэку зауэшхуэм къыззринэкІа гуэвэгъуэ куэд щыхуэм я гум къинэжащ. Абыхэм ялыгъэкІэ уеджэ хъунуми, зи псэугъуэ дыдэу бын бгъэдэкІуэдахэм я деждкІэ ар лъэпкъым щызэІэпах гухэщІ хъыбару къонэ. Апхуэдэ щапхъэхэм язщ Шапсыгъ щІыналъэм хыхьэ Псэушхуэшхуэ къуажэм щыщ Щхьэлахъуэхэ Къасболэтрэ Чабэхъанрэ я унагъуэр. Зэщхьэгъусэхэм хэкур яхъумэну къуибгъу, къуэрылъхуищ, я нысэр дагъэкІат. Къуэзыгъэзэжар я къуэрылъхуитІымрэ я къуитІымрэщ.

Чабэхъан

Къасболэт

Щауэбыкъуэ

Рэмэзан

Фаинэ

Чэбэхъан

Щхьэлахъуэ Чэбэхъан бын 15 нахьзэфІигъэуващ: езым къилъхуа и къуихыр, и пхъуищыр, анэ зыхуэхъуа нэгъуэщІ къуиплІрэ пхъуитІрэ. ЦІыху тыншу, нэшхуэгушхуэу зэрыщытым и фІыгъэкІэ, Чэбэхъан «ууей-сысейкІэ» зыри имыгуэшу, сабий псори езым къилъхуам хуэдэу иплІащ. ЩІакъхуэ Іыхьэм пщІэ хуэщІын, пщІэ нэмыс яхэлъу цІыхухэм ябгъэдэтын - а хьэлхэрт Чэбэхъан адэ-анэм къабгъэдихари и бынхэм яхилъхьари. Ауэ езым къемыхьулІа насыпу и бын псоми Іэщіагъэ яригъэгъуэтащ. Къуажэдэсхэм зэрагъэхъыбарымкІэ, Чэбэхъан зэрысабийрэ удз хущхъуэхэм хищІыкІыу, цІыхум еІэзэн фІэфІу къагъуэгурыкІуащ. Жьыщ щІэн Щхьэлахъуэхэ къекІуалІэрт, я узыфэхэр ягъэхъужыну.

Зауэр къызэрыхьейуэ, Чэбэхъан, адрей анэхэм хуэдэу, и щІалэхэр зауэм дигъэкІат, я напэр зытрамыхьыжу лЫ хуэдэу зэуэну, бийр зэтрауклэу къэкІуэжынну ищІидзуэ. Ауэ ахэр къиГъэблагъэжьыным и насыпэхэлъэхьым. Зауэм щІидза къудейуэ, Чэбэхъан къыІэрыхьащ нэхъыжь дыдэ Уэсмэн зэрыхэкІуэдам теуха уэхыбар. Абы ижь иту ЩхьэлахъуэхэІ иджыри щыхьэкІуэ тхыгъэ кърагъэхьащ. Анэгум апхуэдизу гуаузр хуэхьакъым - 1943 гъэм щыщІэсу1ум и 14-м Чэбэхъан дунейм ехьжащ. ЦІыхубзыр Псэушхуэшхуэ щыщІалъхъа махуэ дыдэм агрузру и зы къуэ - Хьэсэн - зэрыхэкІуэдам и хъыбар къэІуащ.

Къасболэт

Унагъуэшхуэм и нэхъыжь Щхьэлахъуэ Къасболэт, къуажэдэсхэм зэраІуатэмкІэ, лэжьакІуэжьу, зи хэку, зи щІыналъэ фІыуэ зыгъэльэгъуэу, уэнтІакІуэ яхуэхъуащ профессор Іэзэр. ТекІуийм и нэІэм щІэту гъэхъэзыра хъуащ кандидат, доктор диссертацэхэу пщІы бжьгъэхэр. Ахэр ятехуащ ди щІыналъэм и тхыдэ блэкІам и напэкІуэцІ зэмылІэужьыгъуэхэм. Езы еджагъэшхуэм хуабжьу и нэ къикІырт и диссертацэхэм «Іэхъупсэхэр имылъу» зэ хэплъэжьну, и гупсысэхэр зэрыхуейуэ иубзыхужьну. А хъуэпсапІэр къеХъуЛат абы, «Донымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я тхыдэр» (2004 гъэ) лэжьыгъэшхуэм и Іыхьэ щитхам щыгъуэ. А тхылъыр дунейм къытехьауэ илъагъу хунэсакъым ТекІуийр. 2003 гъэм ар дунейм ехьжащ.

Псэ къулей зиІа цІыхут ТекІуий Анатолэ. Сыт хуэдэ зэманми абы и щІыбагъ къыдэтащ и унагъуэ дахэр: и щхьэгъусэ журналист цІэрыІуэ АфІэунэ Раерэ (и ахърэтыр нэхъ Тхьэм ищІ) и бынхэу Мадинэрэ Маринэрэ, и благъэфІхэр, пъхурылъу ІофІхэр. Бынми абыхэм къащІэхъуэхэми ноби щыгъупщэркъым я нэхъыжьыфІхэр, щапхъэрэ гъуаззу гъащІэм щаІа Анатолэрэ Раерэ. Апхуэдэ цІыху щыпкъэхэр, зи гъащІэри лэжьыгъэхэри къэралми лъэпкъми яхуэщъхьэпэу псэу хэкупсэхэр, гъуэгуэльэгъуэу зиІэ щІэблэмэ я насыпщ.

Кърымджэрий

Ныбжьыкіэ Щауэбыкъуэ къыкІэлъыкІуэ Кърымджэрийт. Абы зауэр лагъымщІэх (сапёр) бригадэм хэту Кавказым къыщыригъажьри, Берлин нэсыхукІэ къэувыІакъым. 1943 гъэм Кърымджэрий кратауэ щытащ Бэракъ Плъыжьым и орденыр, медаль зыбжанэ.

Зауэм ипэкІэ Кърымджэрий Ворошиловым и цІэр зезыхьэ Псэушхуэшхуэ ЦІыкІу дэт колхозым и унафэщІу щытащ илъэс куэдкІэ, зауэ нэужьым «Шапсыгъ плъыжь» колхозым и мэкъумэш Іуэхур и ІэмышІэ илъащ. 1977 гъэм дунейм ехьжащ.

Жамбот

Къуажэдэсхэм зэрыжаІэжымкІэ, Щхьэлахъуэ Жамбот нэхърэ нэхъ еджа унагъуэм исакъым. 1924 гъэм ар ТІуапсэ щылажьэ мэкъумэшыщІэ щІалэгъуалэм ящыщу нэхъ хэльэтышхуэ къэзыгъэльагъуэхэм хабжэт. Шапсыгъ районым япэу къыщыізІуахауэ щытахэм яз а еджапІэм шапсыгъ куэд щеджащ. Жамбот щІэныгъэр, спортыр, комсомол Іуэхуэр зыфІэфІ щІалэу щытащ. Куэд дэмыкІыу ар Новочеркасск дэт милицейско-юридическэ еджапІэм щІагъэтІысхьэ. Абы и щІэныгъэм щыхегъахьэри, партми хохьэ. Унэм къэкІуэжа нэужь, Жамбот милицэм и къудамэм и унафэщІу яГъуэщащ. Ар Ростов дэж щызэуащ, Таганрог дэж зауэм щыхэкІуэдащ.

Атэлахь

И къуэшхэм елъытауэ, Атэлахь езыр-езыру дежа фІэкІа, еджапІэм щІэсакъым. Колхозым къэпщытакІуэу (учётчикыу) правленэм хэту, иужькІэ - ГъэпсэщІу щылэжьащ. Псэушхуэшхуэ комсомол гуп къыщыізззыгъэпэщащэм ящыщт Атэлахь. Ар зауэм щыдэкІар 1941 гъэрщ. Кубань икІа къэзакъыдзэм хэту зауащ. Мэздагу дежь щаукІащ. А псори и полкым хэта, Сочэ щыщ щІалэм зауэр иуха нэужь къажриІэжауэ аращ.

Іэюб

Іэюб зауэм ипэкІэ заготовителу лэжьащ. Иужькіэ ар Шапсыгъ районым и заготторгым и унафэщІу яГъуэвати, зауэм щыдэкІи щІэуэсыгъуэ иІэхъэтэкъыІ. Іэюб, уеблэмэ, армэм мыкІуэну хуит зыщІ тхылъ иІэт, ауэ ари абы и къуэш Хьусени унэм дэзэгъакъым. 1941 гъэм и бжьыхьэм тІури Мейкъуапэ къыщыхутащ. Абдежым 116-нэ полкым и 26-нэ бригадэм щыхагъэхьэри, Севастополь дежь щызэуахэм гъусэ хуэщІащ. Зэкъым, тІэукъым Іэюб зауэ ІэнатІэм бийхэм щебгъэрыкІуэурэ и лІыгъэ зэрыгъэльэгъуар.

Хъыбару кърахьэкІ Іэюб и къуажэгъу Нэпсо Долэтджэрий къригъэлауэ зэрыщытар. Долэтджэрий ар мыпхуэдэу жеІэж: «Севастополь дежь бийм дыщебгъэрыкІуэм щытыгъ, биишэр къыстехуэри, уІэгъэ хьэлъэ сыхъуат. Лъышхуэ щІэзыкІауэ, сыкъелыну сымыгугъэжьиххэу, Іэюб сыкъигъэутри, медсанбатым сильэфауэ щытащ. Абы нэмыщІамэ, сыхэкІуэдэну къыщІэкІынт».

Долэтджэрий и пщІыхьэпІи къыхэхуэрэтыкъым езыр къезыгъэла Іэюб Севастополь деж зи псэ щызыІта лІыхъужьхэм я гъусэу махуэ зыбжанэ фІэкІа дэмыкІыу зэрыхэкІуэдэнэр.

Аслъэнбий

Айдэмыр

Хьэсэн

Щхьэлахъуэ Хьэсэн 18-нэ десант армэм хэту ТІуапсэрэ Кърымрэ зыхъумахэм яхэтащ. Ар Брежнев Леонид зи политрукыу щыта дзэм хэту «Малая Земля» щыпІэм 1943 гъэм щызэуащ. УІэгъэ зхьлъэ хъуауэ къигъаззри, зэман дэкІа нэужь, Краснодар дэт сымаджэщым щыпІэжащ. А махуэ дыдэм Псэушхуэшхуэ езым и анэ Чэбэхъан щыщІалъхьэрт.

Хьэжрэт

Къуажэдэсхэм Хьэжрэт гушыІэ зыфІэфІ цІыху нэжэгужэу щытауэ жаІэж. Адыгэ пшынэмрэ пхъэцІыкІмрэ Іэзэу зэреуэм ярамыгъэбгъаГъэу. Колхозым щыжьыдэр комсомол цІэлэхэм ящыщт ар.

Зауэм ипэ мазэхэм Хьэжрэт Лазаревскэм щаухуэ кхъухьлъатэ тедзапІэм пыщІа ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм хэпщІа хъуат. Иужькіэ ТІуапсэ ихъуреягъкІэ зыхъумэжьыным хуэгъэпсауэ щекІуэкІ лэжьыгъэхэм хэтащ. Дзэм щыхьыхьар 1942 гъэрщ. Ухуакіуэ батальоным хэту лъэмыжхэр, гъуэгуэхэр, зэпрыкІыпІэхэр зыщІхэм яхэтащ. 1944 гъэм Украинэр хуит къыщащІыжьым Сумскэ областым щыхэкІуэдащ Хьэжрэт. Унагъуэ ихуэныри хунэсакъым, и зы сурэтри къэнакъым.

Хъусен

Зауэм щІидзэн ипэкІэ, Псэушхуэшхуэм кинопередвижкэ жьыхуаІэ фильм гъэльэгъуапІэ къыщыунэхуат. Абы щыгъуэм къуажэм иджыри уэздыгъэ щыщІащатэкъыми, Іэмэпсымэр моторкІэт зэрылажьэр. Фильмхэр къэзыгъэльагъуэ Іэщіагъэлім екъуапсэ Хьусен, ин хьумэ, езыри апхуэдизу еджэну и мурадт. ЗэманкІэ ар къуажэ щІакъхуэ гъэжьапІэм щылэжьащ, гукъыдэж зи куэд щІалэ нэфІэгуфІэу щытауэ къаІуэтэж.

Хьусен езым и къуэ Іэюб и гъусэу 26-нэ фочауэ бригадэм хыхьэ 122-нэ полкым щызэуащ. Армавир щрыгъэнэгъуу екІуэкІа зэхэзэхэм я зым щыхэкІуэдащ. ГъащІэ кІэщІми, гъащІэ дахэт кІэгъэщІар Щхьэлахъуэ Хьусен, апхуэдэуи цІыхухэм я гум къинэжащ.

Уэсмэн

ЗэрыжаІэжьымкІэ, Щхьэлахъуэхэ я къуэ нэхъыщІэ дыдэ Уэсмэн и цІэкІэ я унэм повесткэ къащІахьам, езы щІалэр гуфІащэри, ислъэмей къэхфэну къытехьат. И анэм хуигъэхьэзыра хьэпшыпхэр зэрылъ и пІэндзэ хъуржьныр къищтэри, и къуажэгъу щІалэхэм я гъусэу фронтым дэкІат щІалэр. Ятэ мазэм Житомир пэгъунэгъуу щыхэкІуэдащ.

Рэмэзан

Зэкъуэшхэм я нэхъыжь Щхьэлахъуэ Рэмэзан хъыбар щхьэхуэ хуэфащІщ. Ар къыщалъхуар 1885 гъэрщ. Пасэу унагъуэ ихуэри, бынги игъуэтащ абы. Рэмэзан 1924 гъэм Псэушхуэшхуэ дэІэпхъукІыу Первый Шапсуг жьыхуаІэ, иужькІэ Цыпкэ зыфІащыжьа къуажэщІэм щытІысахэм ящыщт. Колхозым пасэу хъыхьэри, сату Іуэхуми зыщІиузэщІат.

ЗэрыжаІэжьымкІэ, Рэмэзан къуажэм нэхъ еджауэ къыдэкІахэм ящыщт - тхэфІрт, еджэфырт, фІы дыдэу урысыбзэ ищІэрт, къуажэдэсхэм лъэІу тхылъ ятхын хуей хъумэ, зэлъэІур Рэмэзант. И узынщагъэм зауэм кІуэну Іэмал къритыртэкъым абы. Къуажэдэсхэр зэакъылэгъуу ар зауэм и япэ махуэхэм «Шапсыгъ плъыжь» колхозым и унафэщІу яГъуэват. Бзыльхугъэрэ сабийрэ фІэкІа къызыдэмына жьылэм колхоз унафэщІыр чэнджэщэгъу акъылыфІэ куэдым щахуэхъуащ. Езы Рэмэзан къуих иПІырт а зэманми, абыхэм ящыщу тІур фронтым дигъэкІат. Аскэрбий Мэзкуу дежь щыхэкІуэдащ, Аслъэнбий уІэгъэу къаІуэкІэрт, и Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэу псэуащ. И къуэ ещанэ Анурбий лэжьакІуэфІу къэпсэуащ, «ЩІыхь зиІэ шахтёр» цІэ лъапІэр къыхуагъэфэщащ.

ГъащІэ дахэ къагъэщІащ Рэмэзан ипхъуэми. Мэремхъан Хьэджэхъу къуажэжэм щопсэу, дохутыр Іэщіагъэр иІэу. ПхъуитІрэ зы къуэрэ иІащ. Тамарэ илъэс куэдкІэ ТІуапсэ къалэм и администрацэм щылэжьащ. Абыи пхъуитІрэ зы къуэрэ иІащ. Головинкэ щыпсэу Мариет Сочэ дэт «Дендрарийм» и унафэщІу ильэсищкІэ щытащ, илъэс бжьгъэкІэ мэз Іуэхуэмкіэ Сочэ дэт щІэныгъэ къэхутакІуэ институтым и унафэщІ къалэныр ирихьэкІащ.

Аскэрбий

И къуэшхэм яхуэмыдэу, Аскэрбий дзэм хэт офицерт, зауэм щІидзэн ипкІэ училищэр къиухауэ. Къэлахъуэ къуажэм егъэджакІуэу щылажьащ. Фронтым кІуа нэужь, ари хэтащ Мэзкуу щхьэкІэ зэуахэм. Иужьрей тхыгъэр и унагъуэм къыщригъэхьар 1941 гъэм и щэкІуэгъэурэщ. Абы иужь Псэушхуэшхуэ къэкІуащ Аскэрбий зэрыхэкІуэдам теухуа щхьэхкІуэ тхылъ.

Фаинэ

ТІуапсэ и Іэхэлъахэм къыщалъхуа урыс бзыльхугъэм и гъащІэ гъуэгур зэрымыщІэкІэ Псэушхуэшхуэ щыщ Щхьэлахъуэхэ я унагъуэм хэпщІащ. 1939 гъэм гъущІ гъуэгу еджапІэм къыщІэкІа хъыджэбзым медсестрахэр щагъэхьэзыр курсхэр къиухьри, гъущІ гъуэгу станцым щыкъуда поликлиникэм лэжьэн щыщІидзащ. А илъэс дыдэм ар Щхьэлахъуэ Аскэрбий дэкІащ, Анатолий зыфІаща щІалэ цІыкІри ездагъэтащ.

И щхьэгъусэр зауэм зэрыхэкІуэдам теухуа хъыбар къыІэрыхьа нэужь, Фаинэ зауэм кІуэну мурад ещІ. Ар къыхуэзымыдэ унафэщІхэм зыкъомрэ йонымкъуэкъу, икІэм-икІэжьым 1942 гъэм уэт зыкъеГъэщІ. Медицинэ службэм и сержант нэхъыщхьэ Щхьэлахъуэ Фаинэ 1942 гъэм бдзэуэгъуэм и 20-м Севастополь щыхэкІа ирагъэкІуэкІа зэхэуэм щыхэкІуэдащ.

Фаинэрэ Аскэрбийрэ я къуэ Щхьэлахъуэ Анатолий нобэ ТІуапсэ гъущІ гъуэгу депом и бригадиру мэлажьэ.

Аслъэнбий

Щхьэлахъуэ Аслъэнбий къыщалъхуар 1926 гъэрт, абы къыхэкІыу зауэм дашыну ныбжькІэ ІэнатІэм хуэгъэпсыгъэ Аслъэнбий къуажэм дащІыгъуу Аслъэнбий къуажэм дагъэІэпхъукІат. 1942 гъэм зэдзэлъхуэзэшыпхъур Магнитогорск дэт ПТУ-м щІагъэтІысхьэ. АрщхьэкІэ ар адэ къуэшхэри езым и адэ Рэмэзан зауэм зэрыхэкІуэдар къыззрищІэу, Аслъэнбий и ныбжьым илъэситІ нэпцІу петхэ, фронтым дэкІын папщІэ.

ЩІалэм Тюмень дэт дзэ училищэр къеухри, 1943 гъэм зауэ ІэнатІэм хъыщІохутэ. «Сержант-тІасхъэщІэх» Іэщіагъэр иІэу пэрыхьат Аслъэнбий Хэкур хъумэжьын къалэным. Ар тІасхъэщІэхьыу бийм и хэщІапІэм яГъаГъэу, ди жьыжьрыуэ топхэм зытрагъэпсапхъэ щІыпІэхэр къахухихьрт. 1943 гъэм Курск дежь уІэгъэ щыхъуауэ щытащ Аслъэнбий. Сымаджэщым щыщІэкІыжа нэужь, армэм хыхьэжри, сэлэт щыджэрыр Белоруссиемрэ Польшэмрэ хуит зыщІыжьаужэм яхэтащ. Унэм къыщыкІуэжар 1944 гъэрщ. Илъэс 18 фІэкІа мыхъу сэлэтым и бгъэр зауэ гъуэгум къыщилэжьа орденхэмрэ медалхэмрэ зэщІаблат.

Мамыр гъащІэм щыдзэжа нэужь, щІалиц зыпІа Аслъэнбий колхозым щылэжьащ, дунейм зэрехьэкрэ куэд щІакъым.

Айдэмыр

Айдэмыр Чэбэхъан и къуэрылъхуущ - Алтпхъу и къуэщ. Абы къыихащ Тбилиси дэт, радистхэр щагъэхьэзыр ещанэпІэр. Ростов деж, Румыниием, Венгриием, Австриием, Болгариием щызэуащ.

ЗэрыжаІэжьымкІэ, Айдэмыр зауэм щыщыдигъэкІыж, Чэбэхъан мыпхуэдэ псалъэхэр жриІат: «Айдэмыр, ди унагъуэм уэращ ижь дыдэ зауэм щыхуэхъуу дэкІыр. Уи адэри уи щІалэхэри бийжьым хахуэу ятепщІэту. ТекІуэныгъэр уи Іэрылъхьэу къэхъэзэж!»

Зауэр ихуа нэужь, Айдэмыр «Туапсинскій» совхозым щІылаІэхэр игъэлажьэу щылэжьащ, и къуажэм нэсу жьыдэжэру дэса ветеранэхэм ящщ. Куэд щІакъым ящыщыр зы къуэрэ къызыщІэна Айдэмыр дунейм зэрехьжрэ.

Зы адыгэ унагъуэ закъуэм лІыгъэу къызыкъуахам и хъыбарыр Краснодар крайм и гъунэм зэрикІрэ куэд щІащ. Абыхэм ятотхыхь газетхэр, ятопсэлъыхь радио, телевиденэ нэтынхэр. Хэкум и хуитныгъэм нэхъ лъапІэ дыдэу иІэ и бынхэмрэ и къуэрылъхупхъурылъхухэмрэ щІэзыта Щхьэлахъуэ Чэбэхъан и щІэр къыкІэлъыкІуэ щІэбгъэхэмэ ягу илъынущ. Шапсыгъ унагъуэ Щхьэлахъуэхэ далъэгъуэ лІыгъэщхуэр лъэпкъым зэи щыгъупщэж хъунукъым.

НЫБЭ Анзор,
АР-м щІыхь зиІэ и журналист.
Шапсыгъ щІыналъэ, Псэзуапсэ къуажэ.

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №125-м итщ).

ЧЭРИМ Марианнэ

ІЫы иримыкъу

Роман. Япэ Іыхьэ

- Фыкъалъэгъуа?
- Хьэуэ.
- Хьэрун-щэ?
- Сэ езгъэлъэгъуащ, си бзэгум сыхуимытыжу.
- И лъапэ къыдезгъэшиенукъым, щремыгуфэ. Си къуэр фадафэ ищІри кІэбгъу зищІыжауэ. Зыми иГу хэмыхьэжу къигъэнащ, зыгуэр хуримыгъэтхауэ си фІэщ хъуркъым.

Мэржан фадафэ псоми я щхьэгъусэхэр и щыІэныгъущ, нысэр абыхэм къахэжьыжьи? ЯІІэхэм къакІэрымыхуу «шагъыр фІэкІа емыфэжхэм» я гугъу умыщІмэ. Мыхэр, Дахэзэилэ ещхьу, хабзэщІэкъу защІэщ, Мэржан щхьэкІэ зыуагъэуКІынущ. Хьэрун хэдэ тхьэмыщкІэжьхэр къэдгъГуауэ, я напэр зытрахьжу, щІыхуэ къатехуэу, я фызхэр яфІикІыжу ефэмэ, мо гупыр зегъэпэщауэ, щхьэусыгъуэр наІуэу, Іэнэхэр ХэдзарэкІ хуэхъур лъагэу дэІэбейуэ, зэлІэзэфызхэр зэрыгъэгушхуэжхэущ зэрефэр. Гупыр зымыгъэгупу фадафэхэм яхуэпсалъэхэр ильагъу хъуркъым Мэржан. Аркъэ, тутын хэдзэкэр хъулъхъугъэ хэзІухуэщІэщи, уигу темыхуэнумэ, зыІуегъэх. Цыкухбз дапщэ тхьэусыхакІуэ къыхуэкІуа, сыт хуэдиз къелъэІуа, зыкъыхуэзыгъэткІин къахэкІыу. «Уэ нэхърэ сынэхъ хуэмыхукъым, Мэржан, долажьэ, дошхэж, аркъэ щІыхуэ нумыт!» - ар Зубер и фыз Дахэуэст къыжезыІар. Анэхэр-щэ?! «МафІэм Алихьым иригъэс мы хьэблэ тыкуэнхэр къэзыгупсысар», - жиІэурэ лІэжащ Фаризэт тхьэмыщкІэ. И къуитхуэм щыщу щыр лъапсэ зэгуэтым исти, щыми Мэржан и тыкуэным зэфэн щагъуэтыт, и уасэр фызыжьым и пенсым зэрыхахъкІыжьхэр ящІэу. Нэхъыжьым ешІэгъыххэртэкъым, фадэрщ унагъуэ иухуэну Іэмал къезымытар. ФІикІыжахэм я зым зиуКІыжащ, езыри жьы мыхъуу лІэжащ. Курытыр и нэхъыжьыгъуэм зэрыпэплъэм хуэдизкІэ бгъэдэсакъым фІыуэ ильагъуу къиша нысащІэм. Хьэрун ещхьу, фызри бынри аркъэм ІэщІихащ, езыр ныкъуэдыкъуэ хъуащ. Ещанэ нысащІэм сабий куэдыІуэ иІэти, и дыщ щызэгъэнутэкъым. Гьбзэмрэ хъуанэмрэ ящІипыкІащ и бынихьр. «Сыт-тІэ ефэмэ? АфІэкІа дашэчкъэ щІыхуэхум?» - аращ Мэржан хужьІэнрэ а Іуэхум теуухуэу.

- КхъыІэ, а иужьрейуэ къэпшам щыщ зы ашык къызэт, и уасэр хъыпІэрызгъэхьэжьнщ. Щыхьым и тхъэкІумэм ицырхъэмэ, дунейм сытрихужьнчуэ, уощІэ. Машинэ хьэзырым сехъуапсэри зыкъыІуезгъэшащ уи кІуэм, - зэхэх Хьэрун Дахэзилэ и макъ ешхэар.

- Иджьпсту къыщІезгъэхьнщ, - хьэзырщ Мэржан.

А псори зэхэзыха щІалэм и анэр къыдэмыхьэж щыкІэ ІуегъэзэкІыжри унэм зыщегъэгуэв. Аркъэ ашыкыр Дахэзилэ зэригурэуэу, я анэр езыми зыгуэрхэр хуэзэриІхьэну щІолъэдэжь.

Хьэблэм къыдыхьэжу Дахэзилэ и аркъэ ашыкыр къыщыхурихым, гу лъитащ абы зы птупЬкІэ зэрычэмым. Ар езы Хьэрун Іуэхутхьэбзэ уасэу тІысылІэм къыхутринат.

3.

Джэгуакіуэхэр

ЛІЫМРЭ фызымрэ зэмыакъылэгъуэмэ, ихъуреягъыр сатыритІ зэримыщІыкІыу хъуркъым. Хахуэ закъуэтІакъуэ къахэхуэу Іуэхр зэІамыщІалэпэмэ.

Щыхьым шахмэт джэгуху, гъунэгъу щІалэм абы и щхьэгъусэр къалэм зэришам нэм къыщІэуэу хэлъыр Хьэрун апхуэдэ хьэл зэримыІэм и заКъуэу щытамэ, Бэч къытримыІэтыкІыу щысыфынут, и шахмэт зауэлІхэр игъэбакъуэрэ имыІуэху зэримыхуэу. Ауэ зэрыджэгум Іэфіу щІэлъыр зыдзджэгум зэрыхуэзэгуэным щІех. Е къыдрихьеяр жреІэри, зыщегъэгупщэ, еебзыщІри я зэхуакум блын къыдоувэ. Дауэ и щІыб хуигъэзэн и адэ и ныбжь цІыхуфІым, зэрыщІыкІурэ зыгъэгушхуэм, езыри зыхуэмыгущІыІэм?

- Мыр сыт, щІалэ, ныщхьэбэ укъытщосхьри, - жеІэ Щыхьым, Бэч иш къишхар игъэтІыльурэ.

- ТІэкІу уикІуэтми, нэхъыфІщ, зебгъэшхьпІэ нэхърэ, - хуэмурэ къыдрешей модрейми жиІэну зыхуейр.

- Ар тщІэ ди гугъуэрэ сабий джэгум дыкъыхэнамэ-щэ?

- Укъыхэнамэ, шах!

Щыхьым и набдзэхэр дрегъэуей.

- Пащтыкъ укъысхуэмыхьуат уэри, - хагъэзыхьар, зэрынэщхъыкфІэу, и шахмэт тепщэм ІопэщэщІ, къеІэт, егъэувыж... - КІуэпІэ симыІэу ара жьпІэр?

- Мат!

- Ы? Уей, укъыстекІуам! - Бэч къыззрытекІуам щхьэкІэ гуфІэрэ и щхьэм щыдыхьэщхьжрэ къыпхуэмыщІэу, Щыхьым и шахмэтыдзэм къыхэнар губгъуэ зэпрыдзым къытрещыпыкІыж.

- СыптекІуам укъыстекІуэжьнщ, - къыфІэмыІуэху хуэдзуэрэ, иджы дзэ фЫцІэр къытрегъэс Бэч. - Хужьхэм уи насып нэхъ яхэлъми пщІэркъым.

- Дымыязэшмэ аращ, хэт и текІуэ, - мыпІащІуэ мэзбэ Щыхьымми.

- Хьэрун и шыдыгур дзнэ нэсауэ пІэрэ? Гъэзгум къытемынарэт ахэр.

- Зыми хигъэзыхьакъым.

- Фызабэ тхъэмыщкІэр хэт дришеинт къалэм, псапэщ.

- Сыт абы къибгъэкІыр?

- Уэ уи къалэнщ абы игъэзащІэр.

- Сэ зызигъэшэну хуеямэ, сэ къызжиІэнт.

- Телефоныр къытепхакъым.

- Къытезмыхамэ, хуэсщІыкынт, сытыт къызыкІэрыхур?

- Аращ сэри зи Іуэху зесхуэр. Уэ уи щхьэм къыдэбгъэкІуеинуми ухуитщ, дэ сыт ди лажьэр?

- Зыри уи лажьэкъыми, шахмэт уоджэгури уи пІэ уисщ.

- Сисщ, ауэ сэращ мыбдеж нэхъыщІэу щысри, къысщыгугъауэ пІэрэ хуэщ, ар сымаджэжщ зыхуэбгъэдэнур. Сэ зи гугъу сщІыр ди хъуреягъым хьэл гугъуэсигъуу къыщыстфІэщІхэрщ.

- Хьэрун сыт-тІэ гугъэ зыхихыжар?

- И унагъуэр къыришэлІэжьыным.

- Дауэ хьунт?

- Дахэзилэ ильагъу хъуркъым абы. Сыт уи гугъэ и гъусэу щыдэжар, бензин хьэжу къищтэу? НысащІэм бгъэдигъэхьэн къелъыхъуэ. КІуэ, сыщыуапэми щІэркъым.

- Ара зыри щІыжмыІар?

- Ари хэтщ.

- Дахэзилэ-щэ?

- Сыт Дахэзилэ?

- Гугъэ зыхихыжар?

- Аа! ЦІыхум и щхьэ зыхуиумысыжыфыркъым апхуэдэхэмкІэ, дэнэ щыпщІэн?

- Зыгуэр хуумыгъэфащэу жумыІэ.

И фызым тепсэлъыхьын хьэл имыІэххэу щыттэкъым ЦІыхьым, итІани, жысІэн-жызмыІэн жыхуиІэу, занщІэу къритакъым жэуап. Бэчи, имыхьэлу, нэгъуэщІым техьэртэкъым. ЗэрыкІэрымыкІынур гурыІуэгъуэ щыхъум, Дахэзилэ щыгъупщэжа хуэдэ, Щыхьым упщІэм упщІкІэ къыпэджэжащ:

- «ЛъагъуныгъэГаблэгу» жаІэу зэхэпха?

- Къызгурыїуакъым?

- ЦІыхухэм фІыуэ зыкъезымыгъэлъагъуфхэм хужаІэ.

- Къуажэ псор зи ІэмышІэ илъ Дахэзилэ фІыуэ зыкъезымыгъэлъагъуфыр?

- ФІыуэ укъалъагъунымрэ «фІыуэ удолъагъу» жебгъэІэфынымрэ зыкъым.

- ГъэщІэгъуэн жоІэм. И хущхъуэгъуэ щІэрэ?

- Хьэрун, щапхъэм и хьэтыркІэ, и унагъуэр къыІэрымыхьэжу хъунукъым.

- Дахэзилэ-щэ?

- ЦІыхум зифІ къекІынур армырами бгъэдэлъщ, и хьэлым ирехулІэ а лъэныкъуэмкІэ кІуэну.

- Уи фызыр къэджэху, я Іуэхур къаГаньэу, мы хьэблэм дэсу хъуар абы зыхуейр хуащІэу псэун хуейщ, ара?

- Дауэ-тІэ къыззрищІэнур цІыхухэм яхущытын зэрыхуейр? Мис, нетІэ уэ къэбгъэльэегщ...

- НтІэ, си анэм зэрыхуэпсалъэр сигу тезгъэхуэн хуейуэ арат, зеужь, цІыху сурэтым къохьэ, жысІэу.

- Хьарзынэу къэбгъэльэещ, аракъым зи Іуэху зесхуэр. Адэ-анэр пасэу фІэкІуэдащ Дахэзилэ. А фэ фи зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэм хуэдэ щыІэххэу ищІэркъым абы, жепІэкІи и фІэщ хъунукъым. Уи анэм укъызэрыщхьэщыжьым емыхъуапсэмэ, а зэрыщытым хуэдэу зэхэнэущ, здиунэтІыну лъэныкъуэр къыхухэмыхьу.

- Япэрагъэ, адэ-анэр, гува-щІэхами, псоми яфІокІуэщ. ЕтІуанэрауэ, езыри анэщ ар, къуэ зэрывиІэр пщыгъупщэжа? Сыт зэран къыхухэхъур зэхъуапсэм ещхь хъуну?

Ар куэдыІуэт Щыхьым дежкІэ, езым и узхэм фІырыфІкІэ утригъэІэбзэнутэкъым.

- УрагъэкІуэта къудей си гугъати, уадежьууи къыщІокІ, - зэІищІар зэрыгъэзхуэжьну хуожьэри, аргуэру къуацэкІэ мафІэм хоуэ Бэч. - Мис, уэри укъыщхьэщожь Дахэзилэ, сэ си анэм сыкъызэрыщхьэщыжьмэ ещхьу. Ар щхьэ насыпу хуримыкъуэр, жыпІэ пэжмэ?

- Хуримыкъуэмэ, икІыжьынт, - погуфІыкІ Щыхьым.

- Зыхуей псор ищІэу зэрыхуэбдэм езыри гугъу иригъэхьу, уэри уимыгъэтынщу къысщохъури аращ, армыхьэмэ, си Іуэхуу дапщэ хэлъ сэри?

Бэч икІуэтыж зыщищІым, жэщи маХуи зэгупсысми япэу тепсэлъыхьыр щІэзыдза езы Щыхьым къызэрыкІащ:

- Уи адэ-анэм ущемыдалуэ къыпхуихуэркъэ?

- Іэджэрэ.

- Сыт-тІэ ущІамыубэрэжьыр?

- БашкІэ къыІэмыуэми, нэхъ къащтэр сщІэ хуэдэу щытщ сытым дежи.

- ПльагъурэІ, я нэкІэ уэолтІыжь. Аращ сыцІыхуфІарэт жозыгъэІэр. ФІыуэ плъагъум удоплъей, узыдзпльеин щапхъэ уимыІэмэ, хабзэр Іэпхлъэпх пхуэхъуу аркъудейщ.

- Сызыдэплъей хъунумрэ мыхъунумрэ дауэ-тІэ зэрызэхэзгъэкІынур?

- Уигу ирохь.

- Ар уи фІэщу жыпІэрэ? Щхьэж езым ещхьэращ игу ирихьри фІыуэ ильагъури. Дахэзилэ, псалъэм пащІэ, дэ тхуэдэхэр игъэпщынІ щхьэкІэ, къызыкІэльэжьхьэр плъагъуркъэ? МыпТкъу, пщІэ, къару, къулыкъу зиІэжям якІэльэІэ, абыхэм захуегъадэ. Аха ращ щапхъэу игъэувыр. Дэ тхуэдэ делэжэр гугъу ебгъэхьынЬр емыкІукъым. Зыхуейр зэрызэпщІэр псапэ зэрымыхьур сымыльагъутэмэ, сэри сыбдыльмкъым, зэхэсхащ нэхъыжьхэми цІыхубзхэми ядэІэпыкъун зэрыхуейр.

- Сыт-тІэ абы и Іэмалу жыпІэр?

- Зыкъуипщытыхэу уІурыуэнущ, аращ и Іэмалир. Зэри аракъэ жыпІэм къикІыр? УІурыуэмэ, уполъэщри цІыхуфэ къуеплъ. КъуипльмэщІ, къыбдоплъей.

- Езым сыт итІанэ жъхьэзэрыщхьщыкІынур? Тхьэм къимышІэ Іейм къишэркъым.

- Къэгъанэ, кхъыІэ! Хадзм ухъуанэу уэзэритыр зыми зэхимых уи гугъэу ара? Мис а уи бамПэр гугъэзагъэу зэ тепкъутамэ, къэпщІэнт къэзышэр фІырэ Іейрэ.

Щыхьым пІэмыхь хъуащ.

- Уи бын игъашхэрэ жьлэм ухэгъуащэмэ, сыт иджыри къыпІипхынур? - зиГъэгусаифэ къытемыуэн щхьэкІэ, къыпещэ итІани.

- Мис аращ сэ уэ пхуэзмыдэр! Щыбым укъыщІгъуэту уигъэуна нэхъей, уи щхьэр ибогух! Къэблэжьар дэпшыну уэзрыуитым щхьэкІэ, цІыхуфэ бэлыхьу жызбгъэІэну ара?

- КхъыІэ, къыспыхуну узыхуейр жыІэ!

- Зыри сыхуейкъым, уи унагъуэм хуэдэр зыщІэ, Тхьэм уригъэфІакІуэ, - Бэч и макъым ауан зэрыщІэлъыр ибзыщІыркъым. Убзэн хьэл зимыІэ щІалэ жьэрыІэзэм пхуигъэуэу утримыдзэжьфынмэ, апхуэдэу уэзримыІэтынур ещІэ Щыхьым.

- Сэ сызэрегупсысмкІэ, - нэхъ мамыру къыпещэ Бэч, - цІыху къзс насыпыфІэну хуейщ, абыкІэ псори дызэхуэдэщ. Иджы сэ насыпыфІэ сыхъун папщІэ, уэ уи дуней Іыхьэм щыщ тІэкІу къыптезмыхьыу мыхъунумэ (уэрэуэру къыззэптыр псапэщ, абы и гугъу сщІырыкъым), ар зэману, ахъшэу, е бензину щрет, а насыпыфІэ сызэщІ щхьэусыгъуэм дагъуэ иІэу аращ. ЦІыху хуэдэ цІыхум адрейхэр и насыпым хриГъэубыдэфущ щытын зэрыхуейр, езым гъэзгупщІэ имыгъэкІуэдын щхьэкІэ, Хьэрун хуэдэ мэжащІалІэхэр джэдым хуидзыжьыну къэб цІынкІэ имыгъэлажьэ.

- Сэ щэ жысІэу селъэІуа, хьэмэрэ хэзгъэзыхьа, зи унагъуэр бэгъуэн? ТІури я щхьэ Іуэху зезыхуэж цІыху балигъщ, - къыщитхъащ Щыхьым.

Бэч увыІэжами хъунут, ауэ ирихьжьэкъэІуати, Щыхьым игъэпущІыІуж щІыкІэу, и дамэм теуІуэурэ кІуэцІилъхэрт:

- НэгъэущІыбзэкІэ бжесІэнщ: «Уэ унафэ зыхуэпщІыпхъэ цІыхум цІыхуэр гугъу ирегъэхь».

- Хъунщ, сыбгъащІэнур жыІэ? - тесабырэжащ Щыхьым.

- ПыІэр лъакъуэм къыфІэпхъыу щхьэм щхьэрыпТІэгъэн хуейуэ аращ.

- Ы?

- Уэ уздэщытын хуейм деж уувмэ, ари и пІэ итІыхсхьэжьнущ. Сыт Іуэху ар ныщхьэбэ езыхужьар? Нэху щыху макъамэ къызыщІэІукІ а щхьэгъэузыпІэр лэжьапІэу жьзбгъэІэну ара?

- Уэ сыт ар зэран къызэрыпхуэхъур, фи унэр дэнэ щыІэ, ар дэнэ щыІэ?

- Сэ мы уэрамым сытесщ, сылІэжьхуи сытесынущ. Сэ сыщыпсэу уэрамым жэщыку хъуху и унэ щІэмыхьэж цІыхубз щысльагъуну сыхуейкъым, абы нэхъыжь фІэсщу къыкІэлъыІэжьхьынуи зызгъэхьэзыркъым.

- ЛІо, абы кІуилэжьым сыщыгугъыу сыщыщу жыпІэу ара?

- ЖысІэркъым, си нэкІэ сольагъу зыри к ыыззримылэкри, кхълэжьым ирищІэри, абы щекІуэкІри.

Бэч щІэпсалъэр яГъэпсалъэрти арат. Щыхьым фІэкІа апхуэдизэ баджэ зытозыгъэтхъуэн хьэблэм дэстэкъым. Хьэрун къыщхъэщыж зищІауэ, и адэ и ныбжь лІы Іэсэм зэредаУэм нысащІэжьым, лейзехьэ нэхъыщхьэу игъэува Дахэзилэ къыкІэрымыхуу, асыхьэтым езым цІыхуфІым и жагъуэ ищІырт. Щыхьым къилэжьыртэкъым апхуэдэу уепсэльэну. Ауэ пщэдей тельыджэкІэ зыщыгугъыж псоми ещхьу, Бэч зэдэІуэжьи фІэфІт, хабзэщІэ къежьам тетуи, зыри къезэзымыщІэжьыфыну нэхъыжьхэм зарегъэщІыжьыным Іэфі щІихырт. Я пэрауэ, жиІэ псори хьэблэм къыщхьахьэкІ защІэти, зэрызахуэм шэч къытрихьэрэтэкъым. ЕтІуанэрауэ, Дахэзилэ цІыхуфІхэм я гуащІэу зэрызыІытэжьым хуэдэ дыдэу, Бэчи щІалэрІуалэм захуигъэпащтыхьт.

Нэхъ гъэщІэгъэныжрати, Щыхьым игъащІэм зытемыпсэлъыхьа и гурыгъэхэм телэбат Бэч. Хуеякъым жыпІэнри щыуагът. Лышыхэр къыщиуду щІалэм хуэтхъэусыхэн тІэу еплІынутэкъым. Ар и нэгум щІэтт, зи ерпІынутэкъым. Ар и нэгум щІэтт, зи ерпІынутэкъым. Ауэ мызыгуэгу зыгъэгубзыгъэнкІэ зызыгъэнща Бэч кІуэжныгу зэрыхъуар и макъым къыхэщу щІэупщІащ:

- Нэдгъэсын мыр, хьэмэ?

- Хьэуэ, куэдщ.

- Куэдмэ, куэдщ. Къэжьыгъэ, ауэ ди щхьэм къытехьати, пщэдджыжь сызэрыкІуэжьну гъэзэгупщІэм къыкІэрысчри щІэзгъэкІащ. КъуэгъэнапІэм къуэт тыкуэнращ здэкІуар, я ІэуэпІауэ зэхэсх си гугъащ.

Нэхужьэ щыуэртэкъым. Джэдыкіэ гъэжа къызыхуэхуэца щІалэ гъэфІэным и тыгъэр Іэщ Іэлърэ псом яп ите, ухыджэбзэм анэм и Іэпэр иІ ыгъэу къызэрыщІыхьэжьр хъэщІэщыбжэ игъэузэщІыкІам ирегъэлъагъу Хьэрун. Бетэмал, Іэнэщ Іу къэщІэн хуеякъым. Абы щхьэ емыгупсысарэ? Сабийхэм яхуигъэтІыилъа тІэкІр къыщыгъупщащ.

Мазэ бжыгъэ хъуауэ зэрымылъэгъуа зэщхьэгъусэхэр Іэнкун хъуным хунамыгъэсу, сабиитІыр адэм ежэлІаш. Хьэрун Линэ имыгъэукІытэмэ, нэхъ къищтэу, и куэщІым зыкъызыгъэззэгъа и пхъум доуэршэр.

- Папэ, сыт хъэсхуэпхъар? - адэм и саугъэтхэм еса хъыджэбэ цІыкІум и Іитым Хьэрун и натІэм къыщІигъэжьхьэрэ къоупщІ.

- Адыгэ фащэ щыгъыу гуащэ къыпхуэсщэхуат, ауэ и бостейр кІыхьышхуэти машинэм къихуэнутэкъым. УнэкІуэжмэ, пльагъункъэ?

- Сытым щыгъуэ дыщыкІуэжьынур?

- СщІэркъым иджы ар.

- Мамэ, кхъыІэ, пщэдей садикым сумышэу папэ дех дыгъэкІуэж.

Линэ и макъыр къимыгъэІуну Іэмал иІэжтэкъым.

- Хьун, мамэ?

- Деплынщ.

- Мыдэ сэ шей тезгъэувэнщ, - жиІэри, Нэхужьэ пщэфІэпІэмкІэ ежьащ, сабитІри анэшхуэм и ужь иуващ.

- Нана! Папэ гуащэ къысхуищэхуащ адыгэ фащэ щыгъыну.

- ИІэ-тІэ, уэри шей яхуэщи егъафэ папэрэ мамэрэ.

ИльэсиплІым ит хъыджэбзыфІыр зыхуеихэрати, нанэ дэІэпыкъун щІидзащ. ЩІалэ цІыкІуми Іэуэльауэ нэхъыбэ здэщыІэ зэрыкъуэжьмкІэ жэм, хьэщІэщым къигъэззжурэ къызджыхьым, джалэу къэтэджыжьхэу зыкъытезыІэтыкІ Хьэрунрэ Линэрэ зэжьэхэуэльащ иІэжар. Анэр адэм щызыгъэмэхъашэ щхьэусыгъуэхэр зэщІищІыпэн мурад иІэм ещхьу, щІалэ цІыкІур я зэхуакум зэрыщыуфэраззм тІуми я гукъыдэжым зыкъыригъэІэтащ.

Нэхужьэ ищІэр ищІэжьырт. Апхуэдизэ Іуэху зэхэзэрыхьам пхъумрэ малъхъэмрэ зэпсэлъапІэ хуит къаззрыхуимыхуэрэ Іэджэ щІат. Мэржан къуэрыпхуэхэр и деж ишэурэ игъафІэ зищІ щхьэкІэ, къуэмрэ нысэмрэ зэхуэзэмэ зыфІ, зэхуэмызэмэ фІитІ жыхуиІэм ещхьу, зэриГъэкІужьи Іуэху зэрихуэртэкъым. ИкІыжьа псори къуанШэкъэ? Къаруунэ псори псэукІэмыщІэкъэ? И къуэри зришэлІэжьыркъым, теплъхьэзи хьэлъэ нысэри фІым щимигъэгугъыу псалъэ къыхурегъэжь.

Езы Нэхужьэ апхуэдэтэкъым. Абы ипхъу закъуэм и кІыпэ зэрыбгъунлъар игу къеуэ къудейкъым. Аркъэм зэрыпэмыльэщІырщ, армыхьумэ и малъхъэр зэрыщІалэ хъарзынэр къыгуроІуэ ГъащІэ зыгъэнэхуа нанэ щабэ цІыкІум. Уеблэмэ, щІалэр анэм и сату мыхьумыщІэм пэІэщІэ ищІын папщІэ, щІыпІэ жьыжьэ кІуэмэ нэхъыфІу пІэрэт щыжьиІи къыхуохуэ. Ауэ, пльагъурэ, Хьэрун къуажэдэсщ. Хадзм, пщІантІэм тепчмэ, мо Іэщ Іагъэ хэха здимыІэм, и гур фІэкІуэду дэхуэхьпэнри Іуэхум хэлъщ. Гуи якІуэцІыпІ иджырей щІалэгъуалэм. Фадэр Іэмыщ Іэ фоуэ къозыгъэщтэжьи дапщэ щыІэ.

Нэхужьэ къэхуэнэр сыт щыгъуи къэзыгъэпэж и нэмэзхэрт. Жэщым узыщІэлъэІум и лъэужь махуэм щыхэплъагъуКІым деж, Іуэхум и кІуапІэм гу лъотэ. «Я насып зэхэкІакъым, я бын Алихьым здригъэпІыж», - ахэр и щхьэ хужиІэж хуэдэурэ, шейщІэтхэр зэрихьрт щыкъу анэ гу къабзэм, ауэ зэпсэлъапІэ яритын щхьэкІэ, шейр къыщІихьэну пІащІэртэкъым.

(КъыкІэлъыкІуэнщ).

Лъэпкъым хьэлэлу хуэлажьэ

● ДнфI догъэлъапIэ

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТIымыжь Хьэмыщэ и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу

ЦIыхум и зэфIэкIыр кьыз эрапщэр Iуэхуу зэфIихарщ, и гъащIэм и кIуэцIкIэ и Iэдакъэ кьыщIэкIарщ. Абы щыгъуэми, адыгэхэм нэхъыбэу кьалъытэр цIыхум и щхьэзакъуэ екъуIэныгъэракъым, атIэ лъэпкым, бзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я зыужьынныгъэм хуэунэтIа лэжьыгъэхэрщ. Апхуэдэ Iуэхуфlхэмкlэ уэздащ ТIымыжь Хьэмыщэ и гъащIэ, творческэ икIи щIэныгъэ гъуэгуанэр.

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ Тэркъан и кьуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ (Исльэмей) къуажэм кьащIалъхуащ. ТхакIуэщ, зэдзэкIакIуэщ, публицистщ, щIэныгъэлIщ, филологие щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ, ЩIДАА-м и академикщ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

Кьуажэ курыт еджапIэр ехъулIэныгъэ иIэу кьиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологемкIэ и факультетым и адыгэбзэ къудамэм щIэтIысхьащ Хьэмыщэ. Илъэсищ нэхъ дэмыкIыу, Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и къудамэм зригъэдзащ икIи зыхэхуа гупым ядекIуэр Гоголым и цIэр зезыхьэ стипендиери кьихьу фIыуэ еджащ. А еджапIэ пажэр къэзыуха ТIымыжьым Москва лэжьапIэ IэнатIэ щигъуэтынут, ауэ зи адэжь лъапсэр, благъэ-Iыхьлыхэр зи псэм хэлъу кьэтэджа ныбжьыщIэм зыIэригъэхьа щIэныгъэр и хэку хуигъэщхьэпэну 1979 гъэм кьигъэзэжащ икIи а гъэ дыдэм «Ленин гъэгуфIэ» эзджу щыта, нобэкIэ «Адыгэ псалъэ» фIэщыгъэр зезыхьэ газетым и лэжьакIуэ хъуащ, мыгувэу жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэу, иужькIэ жэуап зыхь секретару ягъэуваща.

ТIымыжь Хьэмыщэ езым фIэфIу кьыхиха журналист Iэщlагъэм и кьару емыблэжу илъэс куэдкIэ иригъэжащ. «Адыгэ псалъэм» щыщыдлэжьа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я лъэпкъ газетищым я къудкIыгъуэ зэхэтхэр гъэхьэзырыным и зэхэуфблакIуэхэм, унэтIакIуэхэм ящыщ зыт икIи апхуэдэ кьыдэкIыгъуэхэм я фIагъэхэмрэ я щыщIэныгъэхэмрэ абы куэдкIэ елъытауэ щытащ. ПIалъэ дэкIри, газетым и унафэщI хъуа Хьэфlыщlэ Мухьэмэд и кьуэдзэу ТIымыжьым ягъэуваща, а IэнатIэмэ зэфIэкI нэхъ ин дыдэ зиIэхэм. Ар цIэрыIуэ иритхъащ. «Теснота», «Дылда» и фильмхэм. 2017 гъэм Канны щекIуэкIа кинофестивалым Бэлагъы Къантемыр хьарзынэхэр щигъэлъагъуэу гъэжащ.

Журналист Iэщlагъэм кьыдэкIуэу, ТIымыжь Хьэмыщэ сыт щыгъуи дихьхырт бзэ, литературэ щIэныгъэхэм. 2001 гъэм абы Мейкъуапэ щыпхигъэкIащ «Хэхэс адыгэ литературэ: и кьэхъукIэмрэ лъэпкъ гупсысэкIэмрэ. (Тыркум щыпсэу щэрджес диаспорэм щыщ ТхакIуэхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ятха тхыгъэхэм ятегъэщIауэ)» кандидат диссертацэр. 2006 гъэм а къалэ дыдэм щыпхигъэкIащ «Тхыдэмрэ хэхэс адыгэ тхакIуэхэм я художественнэ зэхэщIыкIым и лъэныкъкIащ «Зи нэхэм уафэхъуэпскI кьыщIих сультIан» (Налшык, 2001 гъэ), «Хэхэс дуней» (Налшык, 2004 гъэ) тхылъхэр.

ТIымыжьым хэлъхьэныгъэ хуищIащ адыгэ романым и зыужьынныгъэр джынми. Абы ехьэлIауэ иригъэжкIэ къэжугъэныгъэхэр и гъэбжьыгъэ статьяхэр пщы бжьыгъэхэри кьыдэкIыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьытрыригъэдзащ. 2009 гъэм дунейм кьытехьащ «Адыгэ лъэпкъ роман: и тхыдэ гъэсэгуанэмрэ художественнэ нэщэнэхэмрэ» (Тхъэгъэзит Юрэ и гъусэу) тхылъыр.

ЩIэныгъэлIым и зэфIэкI зыбжанэ щигъэлъэгъуащ бзэ щIэныгъэми. Ар хэлэжьыхьащ 2006 гъэм кьыдэкIа «Адыгэбзэм кьыхьыха хьэрып псалъэхэр» тхылъым (Пщыхьэщlэ Л. И. и гъусэу), 2011 гъэм кьыдэкIа «Еджапlэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэм» (Бищlо Борисрэ КъумыкIыу Динэрэ и гъусэу). Апхуэдэуи, абы и нэIэ щIэту кьыдэкIащ литературэр, бзэр, тхыдэр кьыз эщIэзэщIыбудэ лэжьыгъэ куэд: Хьэщыкъуей Ф. М. и «Шэрджэс (адыгэ) литературэдж щIэныгъэр. Библиографие гъуазэ» (урысыбзэкIэ; редактору; Налшык, 2013 гъэ).

ТIымыжьым и екъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ къэлъытапхъэщ лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблагъэкIэ лъэпкъым имыIа, КъБЩIКъИ-м къэбэрдей литературэмкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэр илъэс куэдкIэ зыпэрыта, тхыльитIу зэхэлъ «Адыгэ (шэрджэс) литературэм и тхыдэ» лэжьыгъэшхэр и нэIэ щIэту зэрыдигъэкIар (Налшык: ялп тхыльыр - 2010 гъэм, етIуанэ тхыльыр - 2013 гъэм).

ЩIэныгъэлIым и нэIэ щIэту илъэс къэскIэ КъБЩIКъИ-м адыгэ филологиемкIэ и кьудамэм кьыдэгъэкI «Вопросы кавказской филологии» автор зэхуэмыдэхэм я щIэныгъэ статьяхэр щыдзэхуэхьэса сборникри лъапIэщ. А тхылъым и кьыдэкIыгъуэ куэд ТIымыжьым и нэIэ щIэту кьыдэкIащ.

ТIымыжь Хьэмыщэ и зэфIэкIхэр щхьэзакъуэ унэтIныгъэм теткъым, атIэ и къуэрри, и зэчийри, и щIэныгъэри лъэпкъым хуеджащэ. ЖьатIым и зы цIыхьэтщ щIэныгъэлIым и егъэджэныгъэ лажьыгъэр. НобэкIэ ар КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ Iуэрыуатэмкlэ и кафедрэм и унафэщIщ. А IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ илъэс зыбжанэ фIэкIа мыхъуами, абы зэхилъхьащ студентхэр зэреджэн программэщ, методикэ чэнджэщхэр, аспирантгъэм зэрыщIэтIысхьэн икIи абы кандидат экзамен зэрыщытын программэхэр.

ТхьэмыщэуфIэкIыгъуэ тIыншу, сыт хуэдэ Iуэхуми хэкIыпIэ кьыхуегъуэтыфу, зи унафэщI гупхэр зэгурегъэIуэгъэ, езыри щапхъэ яхуохъу.

ТIымыжь Хьэмыщэ дохъуэхъу и гуащIэ и шхыгъуэ ихуэну, гъащIэми и гъэсэн фIэфI лэжьыгъэхэми гу щихуэну!

ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ, *филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБЩIКъИ-м къэбэрдей литературэмкIэ и кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь.*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Кочергиным и лэжьыгъэхэр

Налшык Щэнхабзэмкlэ и фондым къыщыгъэIуахащ КъБР-м и цIыхубз сурэтыщI Кочергин Владимир и лэжьыгъэ имыгъэлъэгъуахэм я выставкэ.

ГъэлъэгъуэныгъэМ хагъэхьащ художник цIэрыIуэм и Iэдакъэ кьыщIэкIа сурэтхэм ящыщу нэхъапэкIэ утыку кьрамыхьахэр.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** выставкэр кьыщыгъэIуихым жиIащ гъуазджэр фIыуэ зыльагъуэхэм, сурэт щыным зыхэзыгъэгъуаз эхэм художникыр нэгъуэщI льэныкъуэкIэ ирагъэщIыхун мурадкIэ абы и графикэхэмрэ эскизхэмрэ зэрыхагъэхьар икIи апхуэдэ сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэм куэдым уэзрыхурагъаджэр. Темыркъаным щIиГъужащ Кочергиным и апхуэдэ зы выставкэ етIанэгъи кьыз эрагъэпэщыну зэраубзыхуар.

УФ-м и цIыхубз сурэтыщI, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Краснояркэ кьалэм кисилографиемкIэ студие кьыщыззыгъэпэща икIи абы и унафэщI **Пащты Герман** и псалъэми кьыхихыгъащ Кочергиным зэфIэкI инрэ щIэныгъэ куурэ бгъэдэлъ зэрыщытар, абы и Iэдакъэ кьыщIэкIахэм гъуазджэм и щэху куэд зэрыхъэлIагъуэр.

Пащтым жиIащ апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм адэкIи пащэмэ зэрыфIэфIыр, сыту жьIпIэмэ, художник Iэзэ куэдым кьащIэна лэжьыгъэ купщIафIэхэр утыку кьрамыхьэу кьащIащ. Абы и жэуапу, Темыркъан Геннадий жиIащ «Академия мастеров» проектым хьыхьу, выставкэм «Игорь Петрович Наседкин. Графика» зэхьыбэмкIэ зэрыпащэнур, я зэгухьэныгъэм фонд щхьэхуэ кьызэригъэпэщу, дунейм ехьажа сурэтыщIхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIахэр ихуэмэну зэрримурадыр.

Налшык дэт, Сабий художественнэ школым и унафэщI **Зэхъуэхъу Валерэ** и еджакIуэхэр выставкэм кьыздишащ икIи абы кьрихьэлIахэм ехъуэхъуащ.

- Кочергин Владимир кьытхэмытыжми, ар сурэтыщI гъэщIэгъуэну дигу кьинэжащ. Выставкэм кьызэщIиубыдэ и эскизхэмрэ графикэхэмрэ кьагъэлъагъуэ абы кьыщIэна творчествэр зэрызэмыфэгъур. КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм фIыщIэ хуэфащщ, иджыпсту дунейм и щытыкIэр зэригъуэм емылытауэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр зэхьыбзэрригъэпэщам папщIэ. Выставкэр республикэм и щэнхабзэм и екъулIэныгъэщ, - жиIащ Зэхъуэхъум.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ЩIэныгъэ

Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ утыку къохьэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и пресс-IэнатIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, а еджапIэ нэхъыщхьэм щыщIадзащ «Iущхэр» программэм ипкъ иткIэ екIуэкIыну зэпеуэм хэтынухэр къыщыхах лэжьыгъэм.

«ЩIЭНЫГЪЭП ныбжьыщIхэм я инноваци проектхэр» фIэщыгъэр зиIэ, студентхэм, аспирантхэмрэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэмрэ я VIII урысейпсо конференцым хэтынухэр кьыхатхыкI. Абы и мурад нэхъыщхьэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм дахьэх щIалэгъуалэ зэчийфIэхэм дэIэпыкъунырщ, абыхэм кьыхалъхьэ Iуэху еплъыкIэщIэхэр пхыгъэкIыныжкIэ сабэп яхуэхъуныращ. Зэпеуэр Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхъуэ екIуэкIынущ. Абы кьызэщIиубыдэну унэтIныгъэхэр: физикэ, математикэмрэ информатикэмрэ, химиемрэ материалхэм епха щIэныгъэхэмрэ, биологиемрэ экологиемрэ, медицинэ, хьыбарегъащIэ технологиехэмрэ кьызэрабж техникэмрэ, машиноведение, инженер механикэ.

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м кьыщыщIадзауэ щэкIуэгъуэм и 15-м нэсыху Iахьинщ конференцым щащIыну я мурад докладым и тезисхэр. Дыгъэгъазэм и 9-м яублэнущ щIэныгъэ зэхуэсым хэтынухэр ятхыу. Дыгъэгъазэм и 19 - 20-хэм конференцыр екIуэкIынущ. Ар зэхуащIыжынущ дыгъэгъазэм и 20-м.

ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэхуэсым хэтыну гукъыдэж зиIэхэм абы теухуа лъэIу тхылъ щэкIуэгъуэм и 10-м нэмысу хуагъэхьыну хуейщ кьызэрагъэпэщакIуэ гупым. Апхуэдэу кьыщапсэлъыну я мурад тхыгъэри кьызэрагъэщакIуэхэм хуагъэхьын хуейщ дыгъэгъазэм и 1-м нэмысу. А тхылъэр ебгъэхь хъунущ kmu-2020@mail.ru электрон пощтым. Апхуэдэу ягъэхь хъунущ мы хэщIапIэм: 360004, КъБР, Налшык, Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 173, КъБКъУ, корпус нэхъыщхьэ, 255-нэ пэш.

Конференцым хэтынухэм абы щыхьэт техьуэ зэрырагъэблагъэ тхылъэр зэхуэсым и программэрэ я электрон адресым хуагъэхьынущ дыгъэгъазэм и 15-м нэмысу.

ЖЬЛАСЭ Маритэ.

Бэлагъы Къантемыр дэлэжьэну и хъуэпсапIэщ

● Щэнхабзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щытраха «Чики» сериалым хэт Шмыковэ Варварэ и хъуэпсапIэщ ди хэкуэгъу режиссёр, сценарист икIи оператор Бэлагъы Къантемыр дэлэжьэну.

ШМЫКОВЭМ ар кьыщыхигъащащ журналист Гордеевэ Екатеринэ зэпуэгъуэм ипэхэм YoTube каналым дригъэкIуэкIа интервьюм. Актрисэм Бэлагъым жриIащ дэлэжьэну и нэ кьызэрикIыр, ауэ режиссёрым и проектым Варварэ зэкIэ иригъэблагъакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэжьа Сокуров Александр и гъэсэн Бэлагъы Къантемыр хабжэ Урысейм и режиссёр щIалэхэм ящыщу зэфIэкI нэхъ ин дыдэ зиIэхэм. Ар цIэрыIуэ иритхъащ. «Теснота», «Дылда» и фильмхэм. 2017 гъэм Канны щекIуэкIа кинофестивалым Бэлагъы Къантемыр «Фипресси» саугъэтыр кьыщихьащ «Теснота» фильмым папщIэ. ИлъэситI дэкIри, а кинофестивалыр дыдэм ар режиссёр нэхъыфIу кьыщащIалъытащ «Дылда» фильмым и фIыгъэкIэ. А гъэ дыдэм Тарковский Андрей и фэеплъу кьызэрагъэпэща «Зеркало» XVIII дунейпсо кинофестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр а лэжьыгъэм кьыхуагъэфэщащ. Стокголм кьалэм нэгъабэ щекIуэкIа кинофестивалым саугъэт щхьэхуэ - Китайм и художник цIэрыIуэ Вэйвэй Ай и Iэдакъэ кьыщIэкIа статуэткэр - кьыщыратащ «Дылда» фильмым папщIэ.

БЖЬЫХЬЭПI Роза.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кьуэдзэ), **Жыласа Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщlэныщкъэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэжьрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭЗЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъуэныкIэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 1.990●Заказ №2189

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) – 3:2 (0:2). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 18-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр Дорошенкэ (Краснодар), Охрименкэ (Мейкъуапэ), Мирошник (Ставрополь).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэкъуауэ (Уэрзэей, 83), Тебэрды, КIэдыкIуей, Шумахуэ, Ашу (Апажэ, 90), Бахъэсэнокъуэ (Багъэтыр, 46), Пащты, Дзхъу (Хьэшыр, 74), Iэпщащэ, ХьутIэ.

«Мэхъэчкъалэ»: Гаджиев, Исаев, Саидов, Сулебанов, Халимбеков, Гитинов, Яхьяев, Агаларов, Абакаров, Ибрагимов М. А., Гираев (Ибрагимов М. Г., 90+2).

Топхэр дагъэкIащ: Гираевым, 37 – пенальтикIэ (0:1). Гираевым, 40 (0:2). Ашум, 49 (1:2). Зыошым, 89 (2:2). ХьутIэм, 90+4 (3:2).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Абакаровым, Тебэрдым, КIэдыкIуейм, Ибрагимов М. А., Сулебановым, Мэкъуауэм, Гаджиевым, Iэпщащэм.

ТХЬэМАХУЭ ипэкIэ Ставрополь щыIэу бжьыгъэшхэ зыкIэ кьызэрыщыхагъэщIам Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэм кьагуригъэIуат Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм щекIа статуэткэр - кьыщратащ «Спартак-Налшык» зыщыгугъынышхуэ зэрыщымыIэр: зэпеуэм и Iыхьэ щIэнэр блэмыкIами, бжьыпэр зыIыгъхэм ди щIалэхэр очко пщыкIуплкIэ кьаклэрыхуат.

ГугъэфI лъэпкъи дигъэщIакъым жэпуэгъуэм и 18-м кьрагъэблагъэ «Мэхъэчкъалэм» щыIущIа джэгугъуэм и япэ Iыхьэмэ. Хэгъэрейхэм зэрахабзэу, налшыдэсхэм ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэмкIэ ирагъэжьащ. Ялп дакъикъэхэм кьыщыщIэдзауэ абыхэм яхэту губгъуэм кьихьат си фэбжьхэр зыгъэхъужа, гупым и капитан Пащты Руслангъ куэдкIэ узыщIигугъ хьуну гуащIэхэр щIалэщIэхэу ХьутIэ Анзоррэ Ашу Мурадрэ. Аэрат хьэщIэхэр нэхъыбэу хэзыгъэхьыр.

Зэманыр кIуэрт, арщхьакIэ «Спартак-Налшыкым» бжьыгъэ кьыхуэзэIухьртэкъым, Iэмал гъэзэджэ зыбжанэ иIэ пэтми. Уеблэмэ топыр гъуащхьэм техуэу кьыщыщIеижаи кьэхъуащ. Абы фIы кьызэримыкIнырт къэтIэгъуащ сыхьэт ныкъуэ дэкIа иужькIэ. Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ бжьыгъэшэхэр я гъуэм кьыIуагъэкIуэтын мурадкIэ хьэщIэхэм езыхэм зрачащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым Тебэрды Тимур ди гъуэм пэгъунэгъуу «Мэхъэчкъалэм» и гуащIэхэуэр щриудащ. Судьяуэ Краснодар кьикIа Дорошенкэ Виталий напIэзыпIэм метр пщыкIуэм и дежи игъэльэгъуащ. Гираевыр дигъуащхьэтетым ефIэкIри, хьэщIэхэр япэ ищащ.

Абы игъэгушхуа Дагъыстэным и кьалащхьэм кьикIахэм ди щIалэхэр Iэнкун зэрыхъуар Iэззу къагъэсэбэпащ. Дакъикъищ дэкIаяр арат хьэщIэхэм бжьыгъэр щагъэбгъуаи. Ди гуащхьэхъумэхэм Гираевыр аргуэру яхуэзтеIыгъакъым.

ЗэлущIэм и Iыхьитlым я зэхуаку дэлъ зыгъэпсэхугъуэ зэман кIэщIыр «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм зытрагъэкIуэдар гурыIуэгъуэщ. Шэч хэлъкъым абыхэм я гъэсэнхэм псалъэмакъ тKIий зэрыдрагъэкIуэкIам. Ар пщIэншэ хъуакъым.

Джэгум иригъэжьэжри, дакъикъэ зыщIилI дэкIаяр арат Ашу Мурад «Мэхъэчкъалэм» и гъуэм щхьэкIэ топ дигъэкIыу ди гугъэхэр кьыщыщIэщIэрэщIэжкам. Абы тригъэгушхуа налшыкдэсхэр нэхъ ерыщыжу ебгъэрыкIуэрт. ХьэщIэхэм я кьару кьызэрихьыкIэ захъумэжырт, ямыщIэхъэу кьахуэкъуэплъа текIуэныгъэр яхъумэну щIэхъуэпсу.

ЗэIущIэм хухаха зэманыр икIэм нэблагъэрт, арщхьакIэ бжьыгъэм зихъуэжырт экъым. Аргуэру «Спартак-Налшыкыр» ныкъ хагъэщIэну ара? А гупсысэм итхьэкъуат стадионым кьеIуэлIа цIыху мащIэмрэ интернеткIэ джэгум кIэлIыплъ адрейхэмрэ. 89-нэ дакъикъэм зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщым, икIэм-икIэжьым, ехъулIэныгъэ кьытхуихьащ. Кьызэрихьэрэ куэд мыщIа Хьэшыр Алан бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ!

Адэкlэ дакъикъэ зыщIилI судьям джэгум кьыщIигъуащ. ТхьэмахуитI ипэкIэ апхуэдэ зэманым очкоитI тфIэзыгъэкIуэда топыр «Анжи»-м кьызэрытхудигъэкIар зыщIэжхэр кьэпIейтеящ. АрщхьакIэ ди щIалэхэм абы дерс кьыхахауэ кьыщIэкIащ. 94-нэ дакъикъэр щиух дыдэм ХьутIэ Анзор щIхьэкIэ зэуа топым хьэщIэхэм я гуащIэхьэтетыр пэлъэщащкъым. Арати, 3:2-уэ «Спартак-Налшыкыр» текIуащ, джэгум и япэ Iыхьэр 0:2-уэ фIахьу иухами. Езыр-езыру зызыхадзэжа бэлыхьым лIыгъэ яхэлъу ахэр кьыхэкIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхэтщIынущ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгугъуэм кърикIуа бжьыгъэхэм: **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Интер»** (Черкесск) - **4:0**, **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **2:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«М э ш ы к ъ у э - К М В »** (Псыхуабэ) – **1:0**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:2**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **4:0**, **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **«Форте»** (Таганрог) - **1:3**. **«ЕсэнтIыгу»** (ЕсэнтIыгу) - **«TIуапсы»** (TIуапсы) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

Жэпуэгъуэм и 25-м «Спартак-Налшыкым» джэгугъуэ гугъу Краснодар кьалэм кьыщыпэщылъщ. А махуэм ди щIалэхэр яIуданущ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъхэм ящыщ «Кубань» командэ лъэщым.

ЖЬЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020-2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Кь.	Щ.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Кубань-Холдинг»**	**11**	**9**	**1**	**1**	**25-7**	**28**
2.	«Кубань»	11	8	0	3	30-12	24
3.	«Легион Динамо»	10	6	4	0	21-5	22
4.	СКА	10	7	0	3	20-12	21
5.	«Анжи»	10	5	4	1	18-12	19
6.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	10	5	2	3	18-14	17
7.	«Черноморец»	10	5	2	3	12-9	17
8.	«Динамо-Ставрополь»	11	5	1	5	17-15	16
9.	«Форте»	10	4	2	4	20-12	14
10.	**«Спартак-Налшык»**	**10**	**4**	**2**	**4**	**14-15**	**14**
11.	«Мэхъэчкъалэ»	11	3	2	6	14-22	11
12.	«Дружба»	10	3	2	5	11-22	11
13.	«Краснодар-3»	10	2	2	6	10-19	8
14.	«Интер»	10	2	2	6	13-25	8
15.	«Биолог-Новокубанск»	10	2	1	7	12-21	7
16.	«ЕсэнтIыгу»	9	1	1	7	7-19	4
17.	**«TIуапсы»**	**7**	**0**	**0**	**7**	**6-27**	**0**